O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Tariyx-huqıq fakulteti

Milliy ideya, ma’nawiyat tiykarları ha’m huqıq ta’limi qa’niygeligi pitkeriwshisi

**Qutlımuratov Dawrannın’**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**TEMASI: «A’jiniyaz do’retiwshiliginde insannin’ ma’nawiy qa’liplesiwi ma’seleleri»**

İlimiy basshısı:_____________R. Reimov. Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent

Kafedra baslıg’ı:___________A. Bayrıeva. Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent

No’kis-2012

## Jobası:

**Kirisiw**

**I bap. A'jiniyaz shayırdın' ma'nawiy qarasları**

I.1. A'jiniyazdın' qaraslarında ma'nawiyat ma'seleleri

I.2. Shayırdın' ja'miyetlik-filosofiyalıq oyları.

**II-bap. A'jiniyaz shayır do'retpelerinde jaslardın' ruwxıy qa'liplesiwi ma'seleleri**

II.1. A'jiniyazdın' jaslar ta'rbiyasına ko'z-qarası.

II.2. A'jiniyaz jasag'an da'wir ha'm jaslar ma'nawiyatı ma'seleleri

**Juwmaqlaw**

## Kirisiw

Jaqında g’ana xalqımız Watanımızdın’ g’a’rezsizliginin’ 20 jıllıg’ın ko’terinkilik ruwxta toyladı. Jurt g’a’rezsizligi abadan turmıs tiykarıdur. O’ytkeni tek erkin el, biyg’a’rez Watan, azat shaxs g’ana o’z aldına maqset qoyıp, o’zi qa’legenindey turmıs ta’rizin qurıwı mu’mkin. Ma’mleketimiz g’a’rezsizlikke erisken ku’nnen baslap-aq jaslardın’ boyına en’ jaqsı pazıyletlerdi sin’diriwde, olardı o’z elin su’yetug’ın, xalqına, ata-anasına hadal xızmet etetug’ın, er ju’rek, miynet su’ygish insanlar etip ta’rbiyalawda milliy ideologiyanın’ ornı ayrıqsha boldı. Bu’gingi g’a’rezsiz elimizde jaslarg’a ta’rbiya beriw ma’selesi ha’m Watang’a pidayı a’wladtı ta’rbiyalaw en’ baslı ma’selelerdin’ biri. Sebebi ha’r qanday ta’rbiya, bul ana Watang’a, ana tiline mehir-muhabbat tuyg’ısın oyatıwdan baslanadı.

Qaraqalpaq xalqının’ milliy miyraslarında A’jiniyaz Qosıbay ulının’ ornı ayrıqsha. Adamnın’ bilimi, ruwxıy du’nyası onın’ so’ylegen so’zinen bilinedi. Sonlıqtan da A’jiniyaz do’retpelerinin’ jaslardın’ sanasında orın alıwı da onın’ tiline, su’wretlew usılına, onın’ milliy da’stu’rleri shiyrin so’zleri menen bayanlap beriwinde desek qa’telespeymiz. Onın’ shıg’armalar a’lemine kirip barg’anımızda shayırdın’ til baylıg’ının’ ken’ligi, ol itibar bermegen tarawdın’ o’zi joq ekenligi ko’rine baslaydı.

Ma’mleketimiz o’z g’a’rezsizligine eriskennen son’ qısqa waqıttın’ ishinde sotsial-siyasiy, ruwxıy-ag’artıwshılıq tarawlarında ko’plegen jetiskenliklerge eristi. Ruwxıylıq insannın’ ruwxıy du’nyasın, onın’ o’zligin an’lawı, parasatı, a’dalat penen nahaqlıq, jaqsılıq penen jamanlıqtı ajırata biliw, aqıl, bilimin a’melge asırıw ushın ha’reket qılıw ha’m umtılıw bolıp tabıladı. Prezidentimizdin’ «O’zbekstan g’a’rezsizlikke erisiw qarsan’ında» atlı kitabında g’a’rezsizlikten aldıng’ı elimizdin’, xalqımızdın’ awır turmısı haqqında anıq faktler keltirilip, eldin’ basshısı sıpatında xalıqtı bunday jag’daydan alıp shıg’ıwdı o’z wazıypası dep tu’sinedi ha’m «elge baspan, dep ortag’a shıqtın’ba, onın’ isenimine kirdin’be – bul isenimdi hasıl hu’jdan menen, pa’kize xızmet penen aqlawın’ kerek boladı. Bul talaptı eskishesine aytsada, jan’ashasına aytsada – ba’ribir, mazmunı bir qıylı bolıp qala beredi. Yag’nıy, xalıq wa’kili xalıqtın’ pasbanı, xalıq basshısı bolıp, xalıqtın’ ıssı-suwıg’ınan xabardar bolıwshı sırlasına aylanıwı sha’rt»[1]dep jazadı.

[1] İ.A.Karimov. O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. T., « O’zbekiston», 127-bet.

Ag’artıwshı jazıwshı Abdulla Avloniy «Tarbiya biz uchun yo hayot - yo mamot, yo najot - yo halokat, yo - saodat - yo falokat masalasidir», deb aytar eken, da’slep perzent tarbiyasın, a’wlad tarbiyasın, qalaberse millet tarbiyasın na’zerde tutqan.

Haqıyqatında da, ha’r bir ma’mleket o’z puqaralarının’ bilimli, o’z huquqın biletug’ın, ruwxıy jaqtan jetilisken, bir so’z benen aytqanda, kamil insan bolıp jetilisiwi haqqında qayg’ıradı. O’zbekstan Prezidenti İslam Karimov bul haqqında bılay deydi: Ka’mil insan degende, biz, da’slep, sanası joqarı, g’a’rezsiz pikirley alatug’ın minez qulqı menen o’zgelerge ibrat bolatug’ın bilimli, sawatlı adamlardı tu’sinemiz»[2].

G’a’rezsiz O’zbekstannın’ rawajlanıwının’ ruwxıy ha’m ag’artıwshılıq tarawlarındag’ı strategiyalıq wazıypalardı ha’m ma’mleketimizde jan’a ja’miyet qurıwdın’ ilimiy-teoriyalıq tiykarın ko’rsetip berdi. «Ruwxıylıq o’z xalqının’ tariyxın, onın’ ma’deniyatın ha’m wazıypaların teren’ biliw ha’m tu’sinip jetiwge su’yengende g’ana qudiretli ku’shke aylanadı», - degen edi İ.A.Karimov.

Bizin’ du’nyaqarasın analiz etpekshi bolıp otırg’an ullı babamız A’jiniyaz shayır da o’z ta’riyplerinde qaraqalpaq elinin’ jaqsı pazıyletlerin, xalıqlıq xarakterin maqtanısh etedi. Onın’ shıg’armalarında filosofiyalıq ideyalardı an’law, insanlardın’ ruwxıy du’nyasın bayıtıw, a’dep-ikramlılıq, tuwg’an jerge su’yispenshilik ideyaları tiykar etip alıng’an. Prezidentimizdin’ degen

«… G’a’rezsizlik milliy ma’deniyattı ha’m ruwxıylıqtı tastıyıqlaw, qaraqalpaq xalqının’ klassik shayırları Berdaqtın’, A’jiniyazdın’ do’retiwshilik miyrasın tolıq qayta tiklew, olardın’ jarqın esteligin ma’n’gilik etiw ushın jol ashtı»2

ko’rsetpesin basshılıqqa alıp A’jiniyaz do’retpelerine bolg’an ko’z-qarastı eski ideo-ogiyalıq jantasıwlardan birotala tazarg’an halda tiklew za’ru’rligi kelip shıg’adı dep pikir ju’riemiz. Tu’rkiy tilles xalıqlardın’ a’debiyatındag’ı jazba, kitabıy da’stu’rlerdi o’z mu’l-indey, o’z da’stu’rindey ko’rip qaraqalpaq a’debiyatında ken’nen sa’wlelendirgen shayır A’jiniyaz boldı. Ol qaraqalpaq a’debiyatına shıg’ıs klassikalıq a’debiyatının’ en’ jaqsı

---

[2] İslom Karimov. [2] İslom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiëtini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi. T.: Wzbekiston, 2012 yil, 144-bet

da'stu'rlerin, obrazların alıp keldi ha'm bul bag'darda u'lken jan'ashıllıg'ı menen ajıralıp turadı. O'z da'wirinin' bilimli shayırlarının' biri bolg'an. Sonlıqtan da shayırdın' shıgarmaları joqarı ko'rkemliligi, teren' ideyalılıg'ı menen xalıqtın' o'lmes g'a'ziynesine aylandı. Onın' o'miri ha'm do'retpelerine na'zer awdarsaq teren' ma'nige iye ullı ekenine isenemiz. Elege shekem hesh bir ilim izertlewshileri A'jiniyaz do'retpelerin tolıq u'yrenip shıqqan dep ayta almaymız.

«A'jiniyaz XIX a'sirde, - dep jazadı N.Da'wqaraev o'zinin' «Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' ocherklerinde», - qaraqalpaq poa'ziyasına mazmunı jag'ınan da, til, stil, a'debiy texnika jag'ınan da jan'a jol, iz saldı. A'jiniyazdın' a'debiy jolı o'zinen keyingi ko'p shayırlarg'a u'lgi boladı»[3].

Onın' do'retpesinde ha'r qıylı formalar payda boladı. A'jiniyazdın' poa'ziyasındag'ı da'stu'r ha'm jan'alıqlar ma'selesi – qaraqalpaq xalqının' bay folklorlıq miyrasın a'debiyatın ken' tu'rde alıp qarap shayırdın' o'z do'retiwshilik sheberligi menen u'yrenip, teren' izlenip, miynet etkenligin ha'r ta'repleme ashıp beriwdi talap etedi. A'debiy da'stu'r ha'm jan'ashıllıq – bular a'debiyatta biri – biri menen dialektikalıq baylanıstag'ı qubılıslar. A'debiy da'stu'r a'debiyatta qaliplesken ta'jiriybenin' a'wladtan a'wladqa o'tip otırıwı. Milliy da'stu'rler barlıq waqıtta turmıs penen baylanıslı boladı. Turmısqa say da'stu'rler quramalasıp barsa g'ana sol da'stu'r ko'p jasaydı. A'debiy da'stu'rler xalıqtın' tariyxı menen tikkeley baylanıslı, sebebi bul a'debiy da'stu'rlerde sol xalıqtın' ruwxıy baylıg'ı, a'stetikalıq idealı o'z ko'rinisin tabadı.

A'jiniyazdın' do'retiwshilik jaqtan shın'lang'an da'wiri – XIX a'sirdin' ortası, qaraqalpaq xalqının' ma'deniy turmısında jan'a ruwxıy talaplardın' payda bolg'an da'wiri edi. O'zbekstan Respublikası İlimler Akademiyasının' xabarshı – ag'zası X.Xamidiydin' atap ko'rsetkenindey, bul da'wirde «xalıqtın' sana – seziminde jazba a'debiy oy-pikirge qızıg'ıwshılıq, a'stetikalıq zawıq

[3] N.Da'wqaraev Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı 3-tom. No'kis 1979 j.

payda boladı»[4]. Demek, A’jiniyaz usınday xalıqtın’ ruwxıy du’nyasındag’ı burılıs da’wirinde o’z milliy ma’deniyatının’ poa’tikalıq da’stu’rlerin usı jan’a talaplar menen baylanıstıra aldı.

A’jiniyazdın’ shayırlıg’ın, o’mir tariyxın izertlew, qosıkların ja’riyalaw boyınsha tun’g’ısh mag’lıwmatlar N.Da’wqaraev, Q.Ayımbetov, O.Kojurovlarg’a tiyisli. Bundan son’ basqa da izertlewshiler o’z miynetlerinde A’jiniyaz haqqında pikirler ayttı. Jas a’wladtın’ Watan su’yiw, azamatlıq sezimlerin ta’rbiyalawda A’jiniyazdın’ qosıqları og’ada bahalı qa’diriyat bolıp tabıladı.

A’jiniyazdın’ do’retpesin izertlewde A’bdikarim Pirnazarovtın’ «A’jiniyazdın’ shayırlıq sheberligi» atlı miyneti u’lken qa’dem boldı. Ol bul miynetinde ullı shayırdın’ ha’m onın’ ustazlarının’ suw ishken sag’ası sıpatında birinshi gezekte xalıq awızeki a’debiyatın, onnan keyin klassikalıq Shıg’ıs poa’ziyasın – Nawayı, Fizuliy, Maqtımqulının’ shayırlıq mekteplerin belgileydi. «A’jiniyaz xalıq poa’ziyasının’ da’stu’rlerin rawajlandıra otırıp, xalıq qosıqlarının’ ruwxında ha’m stilinde sheberlik jag’ınan olar menen ten’ tu’setug’ın bir qatar a’jayıp shıg’armaların do’retti»[5], - dep jazadı. Biz Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq ha’m O’teshlerdin’ XIX a’sirdegi qaraqalpaq klassikalıq poa’ziyasının’ ha’r qaysısı o’zinin’ qaytalanbas shayırlıq jolına iye bayterekleri ekenligin ko’remiz. Ha’r qashan u’lken shayırlar o’zine deyingi a’debiy da’stu’rlerdi o’z da’wirinin’ talabına say jan’a basqıshqa ko’terip, yaki qayta qurıp, usı tiykarda so’z du’nyasına jan’a ga’p, jan’a nag’ısh lapız endiriwi menen tanıladı.

G’a’rezsizlikti qolg’a kirgizgen ha’m o’zine ta’n rawajlanıw jolınan baratırg’an ma’mleketimizde tariyxıy estelik, milliy qa’diriyatlar ha’m ma’mleketlik da’stu’rlerin tiklewdey a’hmiyetli jol basıp o’tilmekte. Keleshegi ullı ma’mleketti ruwxıy jaqtan jetilisken a’wlad jarata aladı. Sonın’ ushın da

[4] Xamidiy X. Shıg’ıs tillerdegi jazba derekler. No’kis. «Bilim» 1991.
[5] Pirnazarov A. Masterstvo Ajiniyaza. Nukus 1983.

ka’mil insandı ta’rbiyalaw islerin a’yne bu’gin orınlawımız sha’rt bolg’an a’diwli wazıypa dep tu’sinip, og’an ayrıqsha dıkqat awdarıwımız kerek.

Xalqımızdın’ sanasına milliy g’a’rezsizlik ideyaların sin’diriw, milliy qa’diriyatlarımızdı qa’sterlew, o’zligimizdi an’law bulardın’ ba’ri bizlerdin’ tiykarg’ı wazıypalarımız bolıp esaplanadı. Sonın’ ushın da atadan balag’a miyras bolıp kiyatırg’an milliy miyraslardı qa’dirlew, eldin’ tınıshlıg’ı, Watanamızdın’ keleshegi ushın xızmet etiw bizin’ ha’r birimizdin’ wazıypamız.

## I bap. A'jiniyaz shayırdın' ma'nawiy qarasları

### I.1. A'jiniyazdın' qaraslarında ma'nawiyat ma'seleleri

«Ha'r qanday xalıqtın' belgili bir zamanlardı onın' kewil da'rtlerin ila'hiyda' so'z sheberligi menen jırlawshı, onın' milliy mun'ların jan ku'ydirip mun'lawshı shayırı boladı. Qansha da'wir aradan keshkende de xalqı onın' qosıqların umıtpay, ha'r so'zin nannın' usag'ınday qa'sterlep, yadında saqlaydı. Onın' qosıqların esitkende yamasa oqıg'anda insan kewli la'zzetke bo'lenedi,o'mirge ha'wesi artadı, ruwxındaa bir jiger payda bolıp, qıyalına qanat pitedi. Xalıq og'an til tiygizdirmeydi. O'ytkeni, bul shayır xalıq ju'reginde ruwxıy sulıwlıq tımsalına aylang'an. A'jiniyaz a'ne sonday shayır boldı», - dep jazadı O'zbekstan qaharamanı İ.Yusupov.

A'jiniyaz Qosıbay ulı 1824-jılı Tallıq da'ryasının' jag'asında, tariyxıy Bozatawg'a sıbaylas ashamaylı qıyatlar otırg'an awıllardın' birinde orta hallı diyxan xojalıg'ında du'nyag'a keledi. A'jiniyazdın' a'kesi Qosıbay, onın' a'kesi Baltabek, arg'ı atası Aqjigit o'z da'wirinin' batır adamlarının' biri bolg'an. Anası Na'ziyra so'zge sheshen, dilwar hayal-qızlardın' biri bolıp da'stanları jaqsı bilgen. A'sirese juwap aytısta aldına adam salmaytug'ın taqwa adam bolg'an. A'kesi Qosıbay da shayır ha'm mergen adam bolg'an.

A'jiniyaz jaslayınan-aq oqıwg'a berilgen, ziyrek bala bolıp o'sedi. Ol da'slep Xojamurat iyshan medresesinde ta'lim aladı. Biraq anasının' tosattan qaytıs bolıwı onın' oqıwın u'ziliske tu'siredi. Ol qalay bolmasın o'z bilimin jetilistiriw u'stinde oylana baslaydı. Usınday jag'daylarda onın' tuwısqan dayısı Elmurat axun ja'rdem qolın sozadı. «Jiyenimdi o'zim ta'rbiyalayman» dep A'jiniyazdı o'z medresesine alıp ketedi. Ol kisi de Buxaranın' Mirarab medresesin tamamlag'an, o'z da'wirinin' bilimli adamlarının' biri bolg'an. Ol diniy kitaplar menen bir qatarda Shıg'ıstın' belgili klassikleri Ferdawsiy, Saadiy, Hafız, Nawayı, Bedil shıg'armaların jaqsı o'zlestirgen. A'jiniyazdın' bul jerge keliwi o'z bilimin jetilistiriwge u'lken jol ashıp berdi. A'jiniyaz on jeti jasına kelgende Elmurat axun tosattan qaytıs boladı. Endi A'jiniyaz bilimin

bunnan da joqarı ko’teriw ushın o’zine sa’ykes ustaz taba almaydı. Sonın ushın da ol:

«Zamanımız, yoqtur yigit yurmaga,
At minip, ton kiyip, da’wran su’rmaga.
Men baxtı qarag’a ta’lim berma’ga,
Na’yleuin hesh adam shıqpas, dildarım» – dep jazıp o’zinin’ ishki ha’wirin qosıq arqalı beredi.

Awıl medresesi do’gereginde sawat ashıw A’jiniyaz shayırdı qanaatlandıra almadı. Ol bunnan da teren’irek bilim jolın an’sar edi. Sol waqıttag’ı Xiywa ha’m Buxaranın’ medreseleri tiykarınan qaraqalpaqlardın’ jergilikli bayları menen din iyelerinin’ balaların g’ana oqıtatug’ın edi.

Biraqta A’jiniyazdın’ talantlılıg’ı, shayırlıg’ı kem-kemnen awıl adamları arqalı da tarqala basladı. Xiywa medreselerindeoqıwg’a tilek bildirgen A’jiniyaz en’ aqırında sol waqıttag’ı ashamaylılardın’ belgili muptı, qazılarınan bolg’an Tog’uz qazı ha’m molla Qorazlardan ja’rdem soraydı. Usınday sebepler menen ol Sherg’azı medresesine oqıwg’a ketedi.

Son’ınan Qutlımurat inaq medresesinde oqıwın dawam etken. A’jiniyaz oqıwdı Qutlımurat inaq medresesinde pitkergen. Sonlıqtan onın’ diywalına A’jiniyazdın’ ruwxı ushın ma’rmer tasqa jazıp estelik ornatılg’an. A’jiniyaz shayırlıqta Ziywar laqabı menen o’z do’retpelerin do’retip bizge ruwxıy miyras etip qaldırg’an.

Watan. Bul insan du’nyag’a kelgen ku’nnen baslap ruwxı menen qanına sin’gen so’z. Du’nyag’a kelgen na’reste de en’ birinshi demin Watan hawasınan na’r alıp, du’nyada tirshilik barın sezedi. Adam balasına g’amxorlıq, mehribanlıq ko’rsetiw Watannın’ tiykarg’ı ha’m hesh jerde basqa ushıratıw mu’mkin bolmag’an qa’siyeti. Watan anası sıyaqlı na’restege juwapkershilik penen qaraydı. Sebebi insan balası erten’ azamat bolıp kamalg’a kelgende, el tiregi, Watan pidayısı bolıp jetilisiwi ta’biyiy. Sonlıqtan da og’an Ana ha’m Watan birdey g’amxor, pana boladı.

Watan qa'dirin sezinip, el-jurt sag'ınıshın basınan o'tkergen A'jiniyaz shayır bılay jazadı:

Men bul jerde ju'rgen ishi za'rdeli,

El jurttı ko'rmegen ag'ır da'rdeli.

Kewlimnin' xoshı joq mende bir da'rtli,

Aytsam ishte tolg'an ha'diysim bardı.

Shayır ayralıq azabına giripdar bolıp o'zge jurtlardı ju'rgeninde o'z elinin' sho'bi, su'tilmegenine shekem ullı ha'm a'ziz ko'rinedi, onı maqtanısh penen ta'riypleydi.

Jılında miywelep u'sh ret pisken,

Atı su'tilmektey jemisim bardı.

Demek, Watan qa'diri o'zge jurtlarda ayralıq azabına duwshaker bolg'anda seziledi eken. Biraq xalıqta danalıq bir ga'p bar: «Watan qa'dirin ayrılmastan burın bil» degen. Ana Watan ushın janıp-jasaw, ha'r birimiz ushın parız ha'm qarız.

Shayırdın' o'z elinen jıraqta, Qazaqstan dalalarında bolıwın ilimpazlar eki tu'rli da'lilleydi. Birinshi sebebi - «Qazaqstan dalalarında islam dinin ken'nen tarqatıw ushın Xiywadan jiberilgen ulamalar arasında A'jiniyaz da bolg'an», - dep ta'riyplese, ekinshi sebebi A'jiniyazdın' atastırılg'an qızı birden jog'alıp ketedi. Geyparalar: «Bir jigit Qazaqstang'a alıp qashıp ketken. Bunnan keyin qızdın' ag'ayinleri A'jiniyazg'a: Bul iste senin' qolın' bar, qızdı tawıp beresin' ya bolmasa qunın to'leysen'» – dep shataq salg'an. A'jiniyaz usınday sebepler menen Qazaqstanda birneshe jıllar dawamında bolg'an, - degen pikirlerdi aytadı.

Bul is negizinen A'jiniyazdın' dushpanları ta'repinen uyımlastırılg'an. Sebebi, A'jiniyazdın' su'ygen qızı ju'da' go'zzal bolıp og'an ko'p jigitler talaban bolg'an. A'jiniyazdın' Xiywada ju'rgeninen paydalanıp, qarsılasları en' izinde ol qızdı basqa bir jigitke zorlap alıp qashtırıp tu'rkmenler arasına jiberedi

de, «Qız Qazaqstang'a qashıp ketken», - dep so'z tarqatıp jiberedi. A'jiniyaz ilajsız sol qızdı Qazaqstang'a izlep barıp ol jaqta birneshe doslar arttıradı.

Shınında da, en' da'slep A'jiniyaz Qazaqstang'a o'z qalın'lıg'ın izlep baradı. Bul waqıya shayırdın' «Shıqtı jan», «Molla Erime» qosıqlarında anıq ko'rsetiledi. Mısalı:

Tappadım heshbir xabar, gezip ja'ha'nnin' kishwarım,
Aqlı xushım qattı izlep ol zalımnın' duxtarım.

«Duxtar» so'zi parsı tilinde qız mag'anasın an'latadı. Ol en' da'slep qırg'a qız islep barg'an bolsa, son'ınan bul ma'sele basılıp ketkennen keyin de Qazaqstanda talay ma'rtebe bolg'an. Demek, ol Qazaqstanda ma'deniy ag'artıwshılıq penen de shug'ıllang'an. Bul pikirdi «Qazaqstan» du'rkinindegi jazılg'an qosıqları anıq tastıyıqlaydı.

A'jiniyaz Qosıbay ulı Qazaqstan dalalarında birinshi ma'rtebe jigirma jaslarında 1845-1846-jıllar shamasında bir jılg'a shamalas bolıp qaytadı. Son'ınan o'z awılına kelip, ashamaylı urıwı ayıllı tiyresinen Ha'mra degen qızg'a u'ylengen. Onnan Nag'metulla, Ha'biybulla, Niyetulla degen u'sh bala ha'm Hu'rzada atlı bir qız tuwıladı. Shayırdın' aqlıq-shawlıqları ha'zir Qon'ırat, Qanlıko'l, Shomanay rayonlarında ha'm de No'kis qalasında jasaydı.

A'jiniyaz qaraqalpaqlar arasında kitabıy ma'deniyat belgili da'rejede en jaya baslag'an waqıtta a'debiyat maydanına kelip kirdi. O'z da'wirinin' belimli adamlarının' biri bolg'an A'jiniyazdın' poa'ziyası usı ma'deniy rawajlanıwdın' jemisi edi. A'jiniyaz sol da'wirdegi itibarlı bilim oshag'ı bolg'an. Xiywa medresesinde ta'lim alg'an A'jiniyazdın' o'zi g'ana talıb ilim bolıp qoymay, xalıqtın' arasında shıg'ıs tillerindegi qoljazbalardı adamlarg'a oqıp, ma'ni beretug'ın sawatlı qıssaqan da boladı. Ol o'z do'retpesinde xalıqtın' estetikalıq talg'amına say, İslam Shıg'ısı ma'deniyatının' ruwxında o'lmes shıg'armalar do'retti.

A'jiniyaz Qosıbay ulı qaraqalpaq a'debiyatında bilimli lirik shayır bolıw menen birlikte, ko'p g'ana kitaplardı ko'shirip belgili ka'tip bolıw menen de

tanılg'an. Ol on altı jasında Nawayının' diywanın ko'shirgeni haqqında mag'lıwmatlar bar.

A'jiniyazda Watandı su'yiw ha'm Watan ayralıg'ı sag'ınısh sezimleri basqa shayırlarg'a qarag'anda ju'da' ku'shli. Tariyxta «Qon'ırat ko'terilisi» dep atalatug'ın 1859-jılg'ı ju'z bergen qayg'ılı waqıyanın' ishinde A'jiniyaz o'zi de bolg'an. Bunı «Bozataw» shıg'armasının' o'zi de tastıyıqlaydı.

… «Dushpanlar ja'birinen ketermen boldım»,

… «Bende bolıp tu'stim, qolım shatıldı».

… «Ziywarın' xoshlasar qa'dirin'di bilip» – degen so'zlerdi bul waqıyanın' ishinde tikkeley o'zi bolmag'an shayır aytpag'an bolar edi.

Bende bolıp tu'sip,  qolı shatılıp baylang'an a'sirler arasında A'jiniyaz da ketken. Tutqıng'a alıng'an xalıqtı qul etip satıp jiberedi. A'jiniyazdın' axun-ulama adam ekenin bilip, Maqtımqulının' qosıqların saz dawısqa salıp aytıwların tın'lap, azat etedi ha'm eline qaytıwg'a ruxsat etedi degen ra'wiyatlar bar. Ja'ne de Qazaqstan jerlerine ketiwge ma'jbu'r boladı.

Usılay etip onın' o'mirinin' ko'pshilik bo'legi Qazaqstan, Tu'rkmenstan dalalarında o'tedi. Ol qansha elden shette ju'rse, sonsha watan sag'ınıshın bastan keshirdi. Ol hesh jerden o'z jerinin' jemisin, o'z elinin' qız-jawanın, g'oshshaq jigitlerin taba almas edi. Jas a'wladtın' watan su'yiw, azamatlıq sezimlerin ta'rbiyalawda A'jiniyazdın' qosıqları og'ada bahalı qa'diriyat bolıp tabıladı. Ol o'z qoljazbaların miyras etip qaldıra alg'an belgili ko'rkem so'z iyelerinin' biri. Onın' lirikalıq qosıqlarında xalıqtın' tilek-a'rmanları, o'z Watanına, xalqına bolg'an muhabbat, kewil tolg'anısları shayır sezimleri menen su'wretlenedi. A'jiniyazdın' basqa shayırlardan ayırmashılıq ta'repleri de bar. Onın' do'retpelerin ha'r qıylı tematikag'a bo'lip u'yrenemiz. Ol negizinen muhabbat lirikasının' sheberi bolıwı menen bir qatarda, lirikada ta'riyp, watandı su'yiw, didaktikalıq tolg'anıslardı qa'sterley alg'an shayır.




Ha'r qanday shayır o'z xalqının' a'diwli perzenti bolıp esaplanadı. Demek, solay eken, ol birinshi gezekte o'z watanın, xalqın jırlaydı. A'jiniyaz qay jerde bolmasın, o'zinin' tuwılıp o'sken jerin, Watanın maqtanısh etedi. O'z jerinin' go'zzallıg'ın, adamlarının' a'dep-ikramlılıg'ın maqtaydı. Qırda ju'rgen waqtında o'z Watanın sag'ınıp, mırza Qojbannın' "Elin' qanday edi?" degen sorawına juwap retinde "Ellerim bardı", "Bardur" dep atalg'an qosıqların jazadı. Bul qosıqlarda da tuwılg'an el muhabbatı teren' yosh penen jırlanadı.

Mısalı:

Sorasan' elimdi Qojban bizlerden,
Qalpag'ı qazanday ellerim bardı.
Qa'te shıqsa, keshirin'ler so'zlerden,
Qıtay, qon'ırat atlı ellerim bardı.
O'tirikti ras etip aytpag'an,
Tuwrı joldan bas kesse de qaytpag'an.
Na'mahra'mdi hasla joldas tutpag'an,
Atı qaraqalpaq ellerim bardı[1] – dep o'z xalqının' adamgershilikli, tuwrılıg'ı haqqında tolıp-tasıp jırlaydı.

[1] A'jiniyaz «Tan'lamalı shıg'armaları». No'kis – 1975.

A’jiniyazdın’ pikiri boyınsha tuwılg’an jer, ha’r qanday adamnın’ baxıt sarayı. Ha’r qanday azamat o’zi tuwılg’an ana topırag’ı ushın xızmet etiwi za’ru’r. Yag’nıy “Yigit qa’diri bolmas elden ayrılsa” – dep jazıp, o’z tuwılg’an jerin taslap, o’zge jerden baxıt izlewshilerdi qattı kritika astına aladı. Ha’zirgi waqıtta da o’z elin taslap basqa elde xor bolıp ju’rgenler de ko’p. Qansha qıynalsan’ da o’z elin’nin’ topırag’ına jetpeydi. A’jiniyaz ishki dushpanlardın’ reyimsizligi na’tiyjesinde o’z tuwılg’an ma’kanınan juda bolıp, ko’p ellerde qıyınshılıq penen ku’n keshiriwge ma’jbu’r boldı. Ol o’zge ellerde de jaqsılıq ha’m a’dalatsızlıqlardın’ bar ekenligin o’z ko’zi menen ko’rdi. Ha’r qanday shayır o’zi jasag’an zamanının’ ko’zi menen qulag’ı. Demek shayır bolg’an adam o’zi jasag’an zamang’a pikir bildiriwi lazım. El basqarg’an qa’tqudalar bilimli, a’dalatlı adamlar dep tu’sinemiz. Biraq olardın’ ko’pshiligi diyanatsız. Olar xalıqtın’ turmısı menen qızıqpaydı. O’zi zordan ku’n ko’rip otırg’an xalıqqa salıqtı ko’beyte beredi. Mısalı:

Xalıq sorag’an atalıqqa,
İs ju’ritip xatalıqqa.
Ku’sh berip gilkiy salıqqa,
Xalıqtı postırıw shul kerek.

A’jiniyaz usınday pikirler menen o’zi jasag’an zamanına qattı nalıydı. Ol a’dalatlı zamandı, a’dillik ornatıwshı basshını an’saydı. A’dil basshı o’z puqaralarına ten’ ko’z benen qarap, olardı o’z qılmısları tiykarında jazalap, a’dillik tiykarında jumıs alıp barıwı kerek.

Shad bolıp da’wran su’riwge,
Payanlı du’nya ko’riwge.
Qatar qurbı menen ju’riwge,
A’jiniyazg’a zaman kerek.

Bul tek A’jiniyazdın’ o’zine aytılg’an tilegi emes. Sonın’ menen birgelikte ol ha’mme waqıt xalıq penen birge bolıwdı qa’leydi.

A’dalatlıq ha’mme waqıt za’ru’r. Sonday-aq milliy ideologiyanın’ tiykarg’ı ajıralmas bo’legi a’dalatlıq ideyası. Prezidentimiz İ.A.Karimov aytqanınday:

**“Xalıq asharshılıqqa shıdawı mu’mkin, lekin a’dalatsızlıqqa shıdamaydı”**

Al a’dalatlıq bul hu’kimet basqarıwının’ tiykarı. Sonlıqtan da, bizin’ babalarımız birinshi a’dalatlılıqtı tuw etip, a’dalatlı qa’siyet, a’dalatlılıq - o’mirdin’ tiykarı dep esaplag’an ha’m solay ja’riyalag’an. Nawayı, Furqat, A’jiniyaz, Berdaq o’z shıg’armalarında tiykarg’ı ideyanı a’dalatlıq nurı menen do’retip, xalqımızdın’ qa’lib ko’zin ashtı. Milliy g’a’rezsizlik sharapatı menen babalarımızdan kiyatırg’an a’dep – ikramlılıq pazıyletlerdin’ tikleniwi, olardın’ ha’zirgi jag’dayda a’hmiyetin ha’r ta’repleme ko’rsete otırıp, onın’ tiykarında xalıqtı ta’rbiyalaw tiykarg’ı maqsetimiz ekenligin durıs tu’siniwimiz kerek.

“A’lip qa’ddim daldek bolıp bu’kildi,
Ko’zlerimnen qanlı yashım to’gildi.
Jol boyına u’ygen hasıl yu’gimdi,
Bazarg’a eltkendey qa’rwan bolmadı” – bul qatarlardı shayırdın’ pikirleri ta’biyg’ıy ra’wishte rawajlandıradı.

Adamnın’ o’mirinin’ kelte jip gu’rmewge kelmeytug’ının ayta kelip, son’ınan kewline alg’an a’rmanların a’melge asırıwg’a imkan bolmag’anın su’wretleydi. Shayır a’dalatsızlıqtın’ azabın shekken. Adam o’zi jasap turg’an da’wirde o’z qolınan keletug’ın zatın islemese, baratug’ın jerine barmasa, usınnan a’dalat, ten’lik bola ma? Sotsiallıq ten’sizlik adamlardın’ din’kesin qurtqan edi. Xalıqtın’ so’yler tili A’jiniyaz do’retpelerinde usı a’dalatsızlıqlardı ashıq su’wretlegen edi.

Ja’miyetlik turmısta ha’mme na’rse u’zliksiz rawajlanadı. Ha’r bir jan’a tariyxıy turmıs adamlar aldına jan’a uazıypalar qoyadı. Bul a’sirese ko’rkem shıg’armalardın’ ko’pshiliginede tiyisli boladı. Olar ha’r jılları

bizin' aqılımızdı iyelep, kewlimizge ta'sir etsede, keyin ala bizin' ushın basqa aktual ma'selelerdi qozg'ag'an ko'rkem shıg'armalarg'a orın beredi. Bunın' sebebi ol avtorlardın' anaw yaki mınaw wazıypalardı sheshe otıra jergilikli o'mir ken'isliginin' arg'ı jag'ındag'ı o'z kaharmanlarının' ta'g'dirin ko're almawınan, sonın' menen qatar sebep ha'm na'tiyjenin' qospalı baylanısının' ko'p o'lshemin ma'n'gi gu'lleniwshi ha'm ma'n'gi o'sip o'rkenlewshi insan degen hasıl zattın' kewil keshirmelerin, pa'k tuyg'ıların, hadal ju'regin tolıq teren' asha almawınan bolıwı kerek. Sonlıqtanda onın' ha'wiri kem-kemnen o'she basladı. Al bizin' baxtımızg'a A'jiniyaz poeziyası ol toparg'a kirmeydi. Ol adam janının' ken' masshtabtag'ı insanıylıq qatnaslarının' keskin dramasının' a'piuayı ha'm teren' baylanısın asha otırıp, rawajlanıwg'a ma'det beretug'ın, o'tkendegini, ha'zirgini ha'm keleshekti anıq an'lawg'a ilxam ha'm tiykar bag'ıshlaytug'ın, ma'n'gi jan'alanıwshı ma'n'gi yoshlandırıwshı miyras retinde do'retilgen.

A'jiniyaz filosofiyası onın' poeziyasında jumsartılıp, onın' jeke ma'pinin' qıyqanlıg'ınan shıqpay, ja'miyetlik qarardın' ha'm iskerliktin' o'nimi retinde ko'rinedi. Sebebi ol jasalmalı emes, ja'miyet girdabının' kemisi. A'jiniyaz ja'miyettegi qıyan keski oyınlardı ashtı. Onı analizledi, o'z poeziyasında og'an tu's berdi.

A'jiniyazdın' ko'p ellerdi aralawı, bolajaq shayırdın' aldına go'zzallıqtın' ha'm a'deplilikti n', adam qatnasındag'ı birinshi elementlerin tag'ıda bir ayqın ko'rsetedi. Ol bul saparlarda shınlıq, qayırlılıq, go'zzallıq du'nyasın tanıwı ken'eyip, og'an ha'r qıylı adamlar menen qatnasta bolıwg'a ha'm sa'wbetlesiwge janlı ha'm o'tkir talap tuwıladı. Na'tiyjede og'an keleshekte ja'miyetlik turmıstın' real sferasında aktiv ha'reket etip, qaraqalpaq elinin' qospalı qatnasına aralasıwg'a iytermeledi. Ja'miyettegi real turmıs kolleziyasın, qayırlılıq penen jawızlıqtın' sog'ısqanın («Korin»), muhabbat ha'm o'shpenliktin' ayqasıwların ko'redi. Bunnan keyin ol du'nya mashqalasınan bezip, o'zin poa'ziya ha'm bilim du'nyasına bag'ıshlap,

xalıqtın' bul dunyada a'dalatlı ha'm aqılg'a tiykarlanıp itibarlı o'mir qurıwına umtılıwının' shaydası bolıwdın' jolın izledi. Na'tiyjede adamlardı jawızlıqqa, ruuxıy jarlılıqqa, jalataylıqqa karsı gu'reske shaqıradı, olarda sotsiallık adalatsızlıqqa qarsı sezimin oyatıp, haqıyqıy gumanizm ideyasın taratadı. Onın' gumanizmi a'piuayı adamdı a'lpeshlew, adamnın' insanıylık qa'siyetin, ha'wesin onın' su'yspenshiligin, qıynalıwın, jek ko'riwshiligin, qayırlı isin qudayday sıylawdı ta'riyplep, adamdı sol sezimlerdin' pu'tkilley qol astına alıp, onın' o'zinin' jaqsıraq bolıwına, adamıylıraq bolıwına jol ko'rsetedi. A'jiniyaz gumanizmi a'piuayı, tabiyg'ıy talap adamnın' miynetke qatnas talabının' a'yyemgiligi sıyaqlı onın' basına pitken a'deti ha'm minnetsiz qayırlılıg'ı. Yag'nıy adamnın' turmısındag'ı ku'ndelikli sapası ha'm qa'siyeti ha'm miyrim - shapaatı.

A'jiniyaz lirikasın du'nyag'a belgili Shıg'ıs lirikasının', yag'nıy Omar Hayam, Xafiz sıyaqlı ataqlı lirik shayırlardın' shıg'armaları menen qatar turatug'ın lirika dep qarawg'a boladı. Sebebi A'jiniyazdın' lirikasıda, shıg'ıs lirikasına ta'n bolg'an konkret adamg'a esaplanılg'an. Bunda lirikalıq qaharman jeke, qaytalanbaytug'ın, o'zinshe tulg'a. Ol barlıg'ın o'z deminde tartıp turg'an du'nya menen o'zinin' sheksiz ko'p tu'rli baylanıslarına iye sezimlerdin' qol astında. Bunda adam abstraktlı emes, al tiri tabiyg'ıy, sezimler, quwanıshlar iyesi. Onda sotsillıq yaki nravlıq, jawızlıq, o'zimshil despotizmnin', feodallıq zorlıqtın', fanatikalıq dinshilliktin', qaran'g'ı a'detlerdin', u'stem nadanlıqtın', u'zliksiz ha'wesgo'yliktin' qa'wpinen qutqarg'an sezimge ha'm quwanıshqa ha'r bir adamnın' hakılı ekenligi ko'rsetiledi. A'jiniyaz poeziyasında ha'r bir adamnın' baxıtqa, erkinlikke ha'zlikke, shınlıqtı biliwge zorlıqızlıqqa, qaratılg'an turmısın a'dalatlı qurıwg'a, tiyisli huqıqarı poetikalıq formada, teren' mazmun menen berilgen. Onda o du'nyadag'ı emes jerdegi o'mirdin' bahalılıg'ı ha'm qaytalanbatug'ınlıg'ı da'lillengen. Ol o'lgennen keyingi o'mirdin' emes, al ha'zirgi o'mirdin' bahalılıg'ın belgilegen. Ol barlıq

tirishiliktin’ a’jelinin’ bolatug’ınlıg’ın barlıq isenimi menen tu’sine otıra, o’zinin’ jeke bolmısındag’ı ha’r bir ma’writke quwanıwg’a, qorshag’an du’nyadag’ı go’zzallıqtın’ ha’r qanday ko’rinisine shadlanıwg’a shaqırg’an.

Shıg’ıs lirikasının’ la’zzetli yoshı, qaytalanbaytug’ın a’piwayılıg’ı, ju’rekti eljiretetug’ın ta’siri, qosıqtın’ saldamlılıg’ı, u’ykesimligi, pikirler uyqaslıg’ı, ma’selenin’ qonımlıg’ı a’lleqashan batıs oyshılların terbendirgen. Mısalı dunyaga belgili shayır Yogan Volfgang Gete o’zinin’ «Arqa - shıg’ıs devonında» degen kitabında Xafizdi oqıg’annan ha’wijlenip mınaday qosıq qatarların jazg’an:

«Qosıqtın’ za’ru’ri azıg’ı,
G’a’zzeldin’ ken’ jazıg’ı,
Shayırlar bilip qoysınlar,
To’rt na’rse onın’ qazıg’ı.
Shiyrin ziban ses bolsın,
Qulaq, ju’rek quwansın,
A’wwel muhabbatqa bayla,
Su’ygiden qosıq demdi alsın.
Onnan son’ jan’lasın qadaq,
Mo’ldiregen qıp-qızıl sharap,
Su’yisken ha’m ishkenlerden,
Du’nyada kim bar baxıtlıraq.
Ja’nede aytqanday babalar,
Eske al, qanlı sawashlar,
Sebebi jen’isler shag’ında
Qaharmanlar qudaday sıylanar.
Aqırg’ısı shın qa’lbimdegi ko’zler,
Jawızlıqqa qattı na’fretlener,
Sebebi go’zzallıq bizin’ dostımız,
Jawlasımız barlıq na’kasler.

Ardaqlasan’ usı to’rt ku’shti,

Da’slepki ta’biyatında ha’m yoshlı,

Sonda sen ha’m Xapizge uqsap,

Xalıq yadında o’lmeysen’ ma’n’gi.

Hafizge qoyılg’an baha, A’jiniyazg’ada tuwra keletug’ını so’zsiz. A’jiniyazda adamnın’ ishki keshirmelerin onın’ ruwxıy du’nyasının’ ha’r qıylı awhalın asha otıra onın’ talpınıwshılıg’ın, muhabbatın, danalının’, qorıqpaslıg’ın, batırlıg’ın, a’dilliginin’ jerlik tiykarın, insanıylıq kelbetin sa’wlelendirgen. Olda: «Eger bir ku’lip qarasa sol Shrazdın’ jananı, jolına berer edim Samarqandu Buxaranı» degen Xafizge uqsap, qaraqalpaq go’zzlının’ jolına «Altı urıw Qonırattın’ ba’rin sadaqa» etip qoymastan, «pu’tkil du’nyanın’ ha’mmesin sadaqa etip jırlag’an».

Ol zamanda yag’nıy shıdamaslıq jek ko’riwshilik, ten’sizlik, qorqıtıw ku’shi u’stemlik su’rip turg’an waqıtlarda, erkin ha’m batıl oylar quwdalang’an da’wirde, adamnın’ joqarı bahalılıg’ı onın’ qa’dirine jetiw haqqında shaqırık an’sat bolmadı. A’jiniyaz ol «qaran’g’ıda» o’zinin’ shın ju’rekten shıqqan so’zi menen shın, insanıy talaptı ko’teriwdi o’zinin’ tiykarg’ı wazıypası dep, ol talaptın’ ulıwma a’hmiyetligin, ma’ngiligin poeziya arqalı du’nyag’a jaydı.

A’jiniyazda Xafiz sıyaqlı du’nya danalarının’ bahasına iye bolıwı mu’mkin edi. Sebebi onın’ salmaqlı so’zi, o’tkir oyı, danalıq pikirleri pu’tkil adamzatqa xızmet etkendey mu’mkinshiligine iye boldı. Lekin sol da’wirdegi Qaraqalpaqstannın’ ja’miytlik - siyasiy, ekonomikalıq awhalı, onı onday biyikke ko’terip, dan’qın du’nyag’a tarata almadı. Onı A’jiniyazdın’ o’zide tu’sinip:

«Jol boyına u’ygen hasıl yu’gimdi,

Bazarg’a eltkendey qa’rwan bolmadı»-

dep keltirip, ol da’wirdegi karaqalpaqlardın’ du’nya bazarına shıqqanday awhalının’ bolmag’anlıg’ın durıs keltiredi.

A’jiniyaz Allanı moyınlap ha’m og’an shın ju’rekten isene otırıp, jerdegi turmıstı su’yiwdi dawam ete beredi. O’mirdin’ quwanıshın, adamnın’ hallaslag’an jeke sezimin, ha’r qanday qadag’anlıqtan azat muhabbattın’ ku’shin ayawlısının’ qaytalanbaytug’ın sırlı kelbetin jırladı. Ol muhabbat degen adamnın’ wazıypası, baxıtqa talpınıwı haqqında shayırlıq so’zdin’ ka’ramatlı ku’shin ko’rsetti. Bunda ol ha’mmenin’ dıqqatın ten’ insanıylıq pa’ziyletke awdarıp ha’lsizge, kewilsizge ja’rdem beriwge shaqırdı.

Shınında adam bul mergen, an’shı yag’nıy sayad ol o’mirinshe a’rman etedi, onın’ izinen quwadı, sho’llerde juwırg’an a’rmanga usag’an, ahu jayrandı ha’wes etedi. Dunya bul jayran, onı alaman degenshe qansha waqıt, qansha miynet, qansha aqıl kerek. Mine bulardın’ ha’mmesin ja’mlestirip jayrandı iyeleymen degenshe o’tetug’ın da’wir - adamnın’ o’miri. Ol jayranga jetiw adamnın’ u’lken tabısı retindegi filosofiyalıq oylar.

Adamnın’ o’miri tolıwdan - tasıwdan, to’giliwden - qaytıwdan turadı. Ol hesh waqıt birdey bolıp o’tpeydi, quwanısh - qayg’ı, baxıtlılıq - qapalılıq joldas. Kewildin’ ko’terinkiligi ha’m pa’seyiwi nızamlıq. Sonın’ ushında A’jiniyaz «Qırman tayar waqta bermey shamalın, shamal berse atar qırman bolmadı» dep sol bir kem du’nyanı teren’ tu’sindire kele, «hasıl ju’kti» alıp barıw ushın «ka’rwan o’tken waqta menin’ tushımnan, ko’n’il mu’lkim jolg’a a’njam bolmadı» dep alg’aw - dalg’aw du’nyanın’ zanlılıg’ın tu’siniwge shaqırıp adamlardı degerekke ko’zin ashıp qarawg’a u’ndedi.

Sonday aq ol o’zinin’ filosofiyalıq lirikasında o’z da’wirinin’ kemshiligin «mende bir biy qayg’ı zaman bolmadı» («Kerek» )x.t.b. dep ha’m du’nyadag’ı ku’shlilerge olardın’ islep atırg’an jawızlıg’ının’ jazasın tartatug’ınlıg’ın ha’r ta’repleme bildiredi. Sonın’ menen qatar qaharman adamnın’ haqıyqat ta’biyatın sa’wlelendiriwde shıdamlılıqtı talap etken joqarı ruwxıylıg’ın, yag’nıy ulıwma a’dalatsızlıq basqarıp, adamsızlıq hu’rmette

bolg'an du'nyada («Kerekti», «Bolurmı») adamnın' bolmısının', ruwxıylıg'ının' abzallıg'ın ha'm onı jetilistiriw jolların ko'rsetedi.

A'jiniyaz adamg'a isendi, onın' jeke sapası bolg'an haqıyqatlıqtın' ha'm qayırlılıqtın' quwanısh ha'm go'zzallıqtın' ku'sheyiwin ku'sedi. Ol adamg'a o'mir tek baylıq jıynau ushın berilmegen («Xarun ne boldı») Ne ushın olay, degen sorawdı ortag'a shıg'arıp og'an adamlarg'a so'zde emes al iste ko'rinetug'ın su'yispenshilik tiykarg'ı ortag'a shıg'arıp og'an adamlarg'a baylıq dep juwap berdi.

Du'nyada hayalg'a baylanıslı go'zzallıq a'lemi, a'debiyattın' ma'ngilik shaqırıg'ı. Ol jandı terbetetug'ın sulıw ha'm sırlı obrazlardın' galeriyası. Shınına kelgende ja'miyet tariyxı muhabbat tariyxı dewge boladı. Sebebi su'yispenshilik ta'sirinen qansha o'zgerisler, muxabbat ta'sirinen qansha ta'ripler payda bolmadı. Ol qansha a'jayıplar do'retpedi.

A'jiniyaz hayaldı ja'miyetlik ortanın' uyıtqısı: bul du'nyanın' rawshanı, ja'nnet totısı, aqılı ka'mil u'ydin' biykesi ha'm abroyı retinde adamzatqa tanıtadı.

A'jiniyaz lirikasında jarıq du'nyag'a jaqsılıq ushın, baxıt ushın kelgen jas adamnın' muhabbatı, janının' sırı tek su'yiw ushın g'ana jaratılg'an ku'n sa'wlesine usaytug'ın denenin' ku'shli ha'm na'zik dirildisine takabbıl.

A'jiniyaz poeziyasının' muhabbat filosofiyası: muhabbat izlep sharq urıp, pa'rwana bolıp, uyqıdan bezip turg'an qız jigittin' ju'reginin' du'pildisi. Onın' qosıqları ag'ıl - tegil aqtarılg'an shayırdın' sırı emes, bul ha'mmege ta'n tap - taza, mo'p – mo'ldir, su'ttey appak haq sezim, kewil jaylawında ko'lben' qaqqan ko'ksag'ım, da'ryaday shalqıp jatqan asaw ag'ıs, alıp ushqan ushqır qıyal.

A'jiniyaz poeziyasında ma'ngi eski, ma'ngi jan'a muhabbat, erli - zayıp ma'selesi ulıwma insanıy ma'sele da'rejesine ko'terilip, onın' bay ha'm go'zzal mazmunının' filosofiya dialektikası tiykarında («Qız bala kamala

kelse») ashıp beriw menen birge hayal zatının' qımbatlıg'ına mo'ldir muhabbat ha'm teren' hu'rmet ko'rkemlik dengeyinde jarqın obrazdın', aynımas inanımnın' shırag'ında sa'wlelengen.

A'jiniyaz bul ma'selede arab du'nyasındag'ı muhabbattı tu'siniwdin' bayram ekenligin, barlıq sezimlerdin' ha'zligi ekenligin tolıq biledi.

«Ju'z o'pisip a'l salısıp oynasam,

Sonda haytu - bayram etken sa'wdigim»

Shınında da arab du'nyasında muhabbatqa ju'da u'lken a'hmiyet berilgen. Baska dinlerde denelik muhabbat ushın adam dozaqta jansa, Shıg'ısta ha'r bir adamg'a, musılman beyishinde jasaytug'ın eki peri sıylıq etiledi. Shıg'ıs du'nyaga «Mın' bir tu'n» go'zzallıqqa sıyınıw, a'piwayı shadlı adamnın' ta'biyat penen u'nlesiw kulti sıyaqlı a'jayıp do'retpeni berdi. XV-XVI a'sirlerde sheyx Nafzavidin «Jupar iyisli bag'» - degen shıg'armasında muhabbat ıshqısındag'ı denenin' kulti onın' a'jayıp la'zzeti tolıg'ı menen sa'wlelenip, ol du'nyag'a belgili ıshqı shaydası Mopassan arqalı Evropag'a tarap, Angliya ha'm Frantsiya ıqlasbentlerin o'zinin' anıqlıg'ı ha'm hayran qalarlıq ashıq - aydınlıg'ı menen esten tandırg'an.

Arablarda adam denesine ha'm o'zine ta'zim etiwdin' a'diwli ko'rsetpeleri bar. Olar bir birewge ayrıqsha qatnas, o'zgeshe qushaqlaw, o'zinshe o'piw, o'zgeshe ko'z taslaw, o'zgeshe tiyip ketiw bolsa, adamnın' denesine ta'zim etiw ma'selesinde denenin' hesh bir mu'yeshi ol ko'rsetpenin' na'zerinen sırtta qalmag'an. Olardın' ten'ewlerinde de la'bleri piste, tishleri hinji marjan, qashları ka'man, kirpigi oq, qara ko'z, zulpı qundız, so'zi a'sel, qıpsha bel, ju'zi sha'mshi qamar degen A'jiniyaz ten'ewleri sıyaqlı a'jayıp. Su'yiskenler bir biri menen ushırasarda unamlı ha'm sulıw kiyimlerine oranıp, tag'ınshaqların tag'ıp, o'zin o'zi talpındıradı. Sonlıqtan A'jiniyazdın' muhabbat jırı mistikalıq emes, real sezimlik mo'ldir ha'm du'nyadag'ı barlıq na'kaslikke qarsı turatug'ın muhabbat. İshki pu'tinlik, o'zin joytqan qalıslıq, muhabattan ku'yip

janıwının' shın qa'lbinen shıg'atug'ınlıg'ı ha'm haqıyqatlıg'ı - A'jiniyazdın' lirikalıq qaharmanlarının' tiykarg'ı belgisi.

Shayır shadlıq a'kelgen muhabbattın' ha'm ayralıqtın' da'rtlerin en' a'hmiyetli qubılıs da'rejesine ko'teredi. Mısalı: Bozatawlı na'za'lim» de muhabbattın' shoqqısı, kewil ka'wsarı, quwanısh ma'writi ko'rsetilse, «Shıqtı jan» degen qosıg'ında ayralıqtın' da'rtinen bir saattın' bir ku'nge tatıytug'ınlıg'ın bildirse, jerdegi insanıy muhabbattın' bolmıstın' ullı bahalılıg'ı ha'm onın' o'jetligin jen'ip bolmaytug'ın ta'biyat stixiyasına ten' ekenligin tu'ydirip, ol lirikanı du'nyalıq da'rejege ko'teredi. «Ishqı la'shkerinin' da'xshat sa'rkabı, Bul amanat jandı ta'nnen bezdirer». Qaranız denedegi ıshqı la'shkerinin' ta'siri qanday da'rejede ku'shli!. Sonın' ushın su'yiskenlerden artıq baxıtlılar ha'm batırlar joq. Erkinen g'a'rezsiz «ka'pir ko'zin' musılmandı azg'ırıp, biyshara Ziyiwardı dinnen bezdiriwde» muhabbattın' a'jayıp stixiyalıq ku'shi barıq urıp turadı.

A'jiniyazda muhabbat jen'isi na'kaske, jalg'ang'a, zorlıqqa hu'kim. Ol hu'kim bizin' ku'nimizge shekem estafetasın u'zbey a'wladtan a'wladqa berip kiyatır. Sebebi ol Luy Aragonnın' aytqanınday «Tek muhabbat haqqında aytın'ız, qalg'anlarının' ha'mmesi jınayatshılıq» degen sıyaqlı deviz adamzat ju'regine sin'ip qalg'an.

Sonday-aq, A'jiniyazdın' a'dep - ikramlık jaqtan jetilisiwdi u'zliksiz izlewi adam ruwxının' sheksiz mu'mkinshiligine isenim, muhabbattın' za'rurligi, farızlıgı, tiyisliligi, ha'r bir bo'lek maqluqtın' barlıq a'lem menen buzılmas baylanısı onın' filosofiyasının' tiykarı». Ol «falektin' ga'rdishi, ja'han girdabı» yag'nıy ta'g'dirdin' ta'siri, ja'hannın' quyını» na'tiyjesinde sizin' bir tabassumin'iz kewlimnin' tabinın' emi degen qanday a'jayıp tu'sinikten shıg'adı.

Adam jasınan baslap go'zzallıqqa talpınadı. Onı anasına, jaqınlarına, ta'biyatqa, tuwılg'an jerge qatnastan, Watandı su'yiwshilikten, puxaralıq ha'mkarlıqtan, tuwısqanlıqtı tu'siniwden tawıp aladı.

Watan qa'diri A'jiniyazdın' («Qurbaqa bu'lbu'lim jekenim bag'ım») «Ellerim bardı» tuyg'ıların eske alg'anda İ.Yusupovtın'

«Men onı tın'lasam tuwg'an elatım,

Jer ja'nneti bolıp ko'riner mag'an» degen patriotlıq sezim ju'regine yosh beredi. Watan tuyg'ısı menen bir qatarda adamnın' adamg'a qayırlılıg'ı, qa'dirliligi A'jiniyazdın' insandı ulıg'lawında ayqın ko'rinedi. Ol «Bul du'nyanın' ko'rki adam balası» degen qatarlarında adamg'a degen barlıq na'kaslikke qarsı shıg'adı. Onın' tvorchestvosının' baslı ideyası adamg'a degen barlıq zıyanlılardı a'shkaralaw, adamıylıq qa'siyetlerin ardaqlaw. İnsan filosofiyası ha'zirgi da'wirde birinshi orınlarg'a shıg'ıp atırg'an jag'dayda adamdı hu'rmettin' ha'm qa'dirdin' orayına qoyg'an A'jiniyaz ideyaları, batıstag'ı falsafashılardın' pikirlerine tuwra keledi. Aytayıq belgili falsafashi A.Kamyu o'zinin' «Nemis dostıma xatlar» degen miynetinde insan ideyasın alg'a su'rip: «Bul dunyanın' ma'nisin tek insan izleydi. Bul du'nyada hesh bolmag'anda bir haqıyqat bar - bul insan haqıyqatıdur. Sonın' ushın a'weli insandı qutqarıw kerek» dese, tag'ıda «Jazıwshının' ha'reketi adamlardı birlestiriwge olardın' arasında tatıulıq ko'pirin qurıwg'a xızmet qıladı. Jazıwshı o'z qa'lbinin' ken'ligin belgileytug'ın eki na'rseni imkaniyatqa qaray orınlawg'a razı bolıwı kerek. Bular haqıyqat ushın ha'm azatlıq ushın xızmet qılıwdur» dep uqtıradı. Bunnan biz a'debiy tvorchestvonın' qa'dimnen kiyatırg'an qa'siyetin ko'riw menen birge onın' A'jiniyazdın' filosofiyasına tuwra keletug'ug'ınlıg'ın an'g'aramız. İnsan filosofiyası A'jiniyazdın' shıg'armalarının' tiykarg'ı fundamenti bolıp onda azatlıq ushın xızmet qılıw, haqıyqat ushın gu'resiw adamnın' ta'biyiy huqıqı ekenligi tolıq ha'm anıq ko'rsetilgen.

«Sa'mek olur, suwdan ayrılsa bir ku'n,

Qanatı suw bolsa ushalmas su'ylin». yamasa

«Er jigit qayg'u jep ku'nde qan isher.,

Nesip ayra tu’ship elden ayrılsa» degen qatarları erkinliktin’, azatlıqtın’ a’hmiyetin joqarı bahalawdın’ mısalı.

Haq, haqıyqat, haqqanıy degen adam tilindegi o’lmeytug’ın so’zler, nan, suw, ku’n sıyaqlı, jerde onısız o’mir mu’mkin bolmaytug’ın zatlar menen birge adam sanasının’ rawajlanıwı menen payda bolg’an bolıwı itimal. Ol shınlıq, ol baxıt, ol to’relik, ol erkinlik, degen so’zlerdin’ sinonimı bolıwı menen birge taza, hadal, muqaddes degen so’zlerdin’ tiykarında Allanın’ bir atı retinde, A’jiniyaz qosıqlarında «Haq deyip raydan qaytsam», «haqtan inayat bolmasa», «haqtan farman» degen sıyaqlı tu’siniklerde jiyi-jiyi qollanıp sonın’ sharapatında durıslı adamlardı «haq kewilli», «haq eden», «haqtın’ qulı» degen ten’ewler menen beynelenedi.

Eger biz adamzat ja’miyetinin’ tariyxı ko’binese urıslar tariyxı dep bilsek, onda en’ keyingi aqıbetinde xalıklar tariyxı - bul haqıyqatlıq ushın gu’res tariyxı dep tu’siniwimizge tuwra keledi. A’sirler dawamında haqıyqatlıq ushın gu’resken qaraqalpaq xalqının’ da’rtine da’rman bolıp, og’an ta’selle berip «Ziywarın’ xoshlasar qa’drin’di bilip» ha’m aspang’a qolın jayıp «haqıyqatlıq qa’ne» degen xalıqqa: «du’nyada haqıyqatlıq bar, ol a’lbette haqtın’ dıqqatında» degen ideyalar menen elge sabaq beredi.

A’jiniyaz da haq filosofiyası qudanın’ a’dilliginen onın’ ha’mmege tiyisli ko’rsetpelerinen ibarat abstrakt haqlıq bolıp qalmastan, jerdegi ha’zirgi turmıstag’ı haqlıq, haq joldan ju’riw onın’ insanıylıq pa’ziyletlerdin’ ag’lası ekenligin ko’rsetiw a’hmiyetli ma’sele retinde ko’zge tu’sedi. Bul ma’selede ol o’trikshilerdi, munafiklerdi, jalataylardı, urılardı, sol sıyaqlı barlıq na’kasliklerdi mineydi ha’m og’an olardı jek ko’riwshilikke shaqıradı.

A’jiniyaz shıg’armaların izertlegen geypara ilimpazlar ondag’ı unamlı qaharmandı izlew menen ha’lek bolıp ju’rgenligi ma’lim. Sebebi eski du’zimde a’lbette shıg’armanın’ unamlı qaharmanı sotsialistlik realizm jolı menen izlener edi. A’jiniyaz shıg’armalarında unamlı qaharman barma?

degen sorawg'a bizin' kritiklerdin' ko'z qarasında ol joq, onda obrazlar tolıq emes, yamasa birewge qaratılmag'an dep pikir bildirip onı izertlewden de qaymıg'atugın edi. Al shın ma'nisinde onda unamlı qaharman bar ha'm aldımızda jarqırap turadı. Ol «haqıyqat» yag'nıy shayırdın' qaharmanları menen birlikte qıyın tolg'aq ha'm awır poshalaw arqalı tapqan - haqıyqatlıg'ı. Yag'nıy onın' oqıwshı ha'm tın'lawshı adamg'a «haqıyqatlıqtı» qa'sterlep, og'an janın pida qılıp, onı su'yiwge ta'rbiyalawı onın' unamlı qaharmandı a'lpeshlep sanag'a sin'diriwi bolıp esaplanadı. Haqıyqat isskustvosının' tuwındısında bag'darlawshı ideya barmaq penen shoshaytıp ko'rsetilmeytug'ınlıg'ı sıyaqlı, A'jiniyaz o'zi tanıg'an shınlıg'ın oqıwshılarga o'zinshe tanıtıu tendentsiyası arqalı ol tanıtıu o'zinen - o'zi shıg'ıp ha'm o'sip - o'nip ta'biyiy jol menen adamg'a ta'sir etiwdi niyet etedi.

Sonın' ushın A'jiniyaz poeziyası ullı poeziya retinde a'sirlerden o'tip, waqıttı jen'di, ol keleshekte ken'islikti de iyeleydi ha'm basqa xalıqlarg'ada jetip barıp o'zinin' go'zzallıg'ı menen olardı baxramand qıladı.

Adamlarg'a shıg'armalardan go'zzallıqtı izlew ta'n qubılıs. Eger adamnın' sulıwlıqqa u'zliksiz talpınıwı bolmag'anda, jerde go'zzallıq degen tu'sinik bolmas edi. Du'nya go'zzal, sheksiz, ko'p qıylı. Sol du'nyanın' jan'a boyawların ashıp, du'nyanın' jan'a teren'liklerine shu'miw, demek xalıqqa xızmet etiw go'zzallıq ideyasına xızmet etiw bolıp tabıladı.

## I.2. Shayırdın' ja'miyetlik filosofiyalıq oyları.

Ha'r bir shayırdın' qa'demi onın' du'nya tanıw ta'liymatlarına baylanıslı. A'jiniyaz o'z zamanının' sawatlı adamlarınan bolıp, du'nya ilimlerinin' ko'pshilik bo'legin o'zlestirgen shayır. A'jiniyaz poeziyasında ko'rnekli grek filosofları Aristotel, Platonlardın' atı atalıwları menen birlikte İskender Zulqarnayn, Xarrun ar Rashid, İbn Sino, A'bilqasım Ferdawsiy, A'lisher Nawayı ha'm Muhammed Fizuliy ta'liymatlarının' sintezleri seziledi. A'jiniyaz shıg'ıs klassiklerinin' miynetleri menen tanıs bolg'an. A'jiniyaz medresede oqıp

ju'rgen waqıtlardan-aq Ferdawsiy, Saadiy, Hafız, Nawayı, Bedil shıg'armaların teren' o'zlestirip, Nawayı ha'm Hafız g'a'zellerin ejelep oqıwı na'tiyjesinde onın' poeziyag'a bolg'an ıqlası kem-kemnen ku'sheygen edi. Sonın' ushın da onın' shıg'armalarında erte da'wirge ta'n filosofiyalıq ta'liymatlar da bar.

Filosofiya – filologiya menen og'ada baylanıslı ilim. Sonın' ushın da shıg'ıs ellerinde ko'p g'ana shayırlar o'zlerin filosof dep atamag'anı menen de filosofiyalıq lirikalar jazıp bul ilimge u'lken u'les qosqanlıg'ı ma'lim.

A'jiniyaz poeziyasının' geypara elementlerin de sol tiykarda bahalawg'a boladı. Ol pu'tkil barlıqtı ko'zge ko'rinbeytug'ın ha'm jalg'ız Alla taalanın' jaratqanlıg'ına ıqrar bolg'an. Sol ushın da «jer u'sti» ha'm «jer astı» du'nyalarının' bar ekenligine u'lken isenim menen qaraydı. A'jiniyaz «adamzattı bul du'nyanın' ko'rki» – dep biledi. Du'nyadag'ı barlıq na'rse adam ushın xızmet etiwi kerek. Sebebi bul du'nyanın' en' rawajlang'an jemisi – adam dep ko'rsetedi.

Bul du'nyanın' ko'rki adam balası,

Adamnın' da ko'kke jeter nalası[1] – dep ja'miyettegi ten'sizlik na'tiyjesinde adamzattın' nala shegip jasap atırg'anına janı ashıydı. Adam ushın en' bahalı na'rse - o'mir. O'ytkeni, bul du'nya - a'jayıp go'zzallıqtın', ayshı-a'shiretlerdin' g'a'ziynesi. Adam bul du'nyag'a kelgennen son' du'nyanın' ra'ha'tin ko'rip jasawı kerek.

O'mirin' bolsa baxıt kerek, baq kerek,

Baq bolmasa a'rman bilan o'tersen'-

dep shadlıqta o'mir su'rsin dep tilek bildiredi.

A'jiniyazdın' pikiri boyınsha qu'direti ku'shli Alla taala en' da'slep bul a'lemdi, son'ınan topıraqtan adamzattı jaratqan. Bul haqqında «Demishler» degen qosıg'ında:

Qu'direti ku'shlidu'r ne qılsa Subxan,

Ko'kten son' jarattı topıraqtan insan.

---

[1] A'jiniyaz «Tan'lang'an shıg'armaları». No'kis 1975 j.

Kimi ka’pir boldı, kimi musılman,

Ba’rshenin’ atası adam demishler.

dep ko’rsetedi. Adam - o’mirdin’ dan’qı ha’m keleshegi. Ha’r qanday adam saldamlı pikirli, keleshek ko’rki bolıwı lazım. Sebebi keleshekti rawajlandıratug’ın da adamlar, joq etetug’ın da adamlar. Ha’zirgi waqıtta elde ju’z berip atırg’an jınayatshılıqtı payda etiwshi de adamlar, onnan ja’bir ko’riwshi de, jınayatshılıqtın’ aldın alıwshı da adamlar. Solay eken, adam o’mirde tiykarg’ı orındı iyeleydi. Shayır ko’zi menen ko’rgen waqıyalardın’ da qatnasıwshıları adamlar. Aqıllı, sawatlı adamlar o’z xalqı ushın jan ashıta biletug’ın Watan su’ygish, xalqına xızmet etetug’ın insan bola aladı. Bul sıpatlar A’jiniyazdın’ jekke puqaralıq o’mirinin’ en’ baslı qasiyetlerinin’ biri. Sebebi qaraqalpaq xalqının’ erkinligi, o’z aldına el bolıwı, g’a’rezsizlikke erisiwi, ma’deniy-ekonomikalıq jaqtan gu’llep-jasnawı A’jiniyazdın’ en’ baslı a’rmanı boldı. Sonın’ ushın da:

Sorlı puqara xalıqqa,

Qol sozıp barar jarıqqa.

Ko’nbey birneshe salıqqa,

Jaynap-jasnar zaman kerek – dep a’piwayı xalıq ushın jaynap-jasnap jasaytug’ın baxıtlı zamannın’ kerek ekenligi haqqında a’rman etedi.

Shayırdın’ aytıwına qarag’anda ha’mme waqıt shaytan adamdı joldan shıg’aradı, sebebi ha’r qanday adam is islese shaytannın’ aldag’anına inanıp is isleydi. Sebebi adamlar arasındag’ı barlıq qarama – qarsılıqlarg’a shaytan sebepshi bolg’an. Sonın’ ushın da A’jiniyaz o’mir go’zzallıg’ı adamlardın’ awızbirshiliginde ekenligin sezedi. «Jalg’ız da’n as bola almaslıg’ı sıyaqlı, jalg’ız adam da xalıq bola almaydı». Adamlar arasında joldaslıq, doslıq en’ ku’shli qa’siyet bolıp, olardın’ Watan, el a’tirapına birigiwlerin qa’leydi. Bul pikir onın’ «Ko’n’lim menin’» qosıg’ında og’ada sıpatlı bayanlang’an.

Mısalı:

Ashıq – yarsız, bu’lbil – gu’lsiz,

Kiyik sho'lsiz, sona ko'lsiz.

Ziywar aytar, jurtsız – elsiz,

Adam bir diywana megzer.

Bunday pikirlerdi aytıwına onın' jekkelenip qalg'anlıg'ı sebepshi bolg'an. Shayır o'z xalqı menen birgelikte Bozataw qayg'ılı waqıyasın basınan keshirgeni ushın da dushpang'a bende bolıp qalg'an o'z xalqın, elsiz qalg'an Watanın yadına tu'sirip, tap usınday pikirge kelgen. A'sirese, bul pikir «Da'wran bolmadı» qosıg'ında og'ada ashıq aytıladı.

Mısalı:

Mende Watan boldı elatsız qalg'an,

Bag'larınan bu'lbil ushıp, zag' qong'an.

Ziywar der dunyag'a kelgenim yalg'an,

Mende bir biyqayg'ı zaman bolmadı.

Filosofiyalıq lirika ko'binese hikmetli so'zler arqalı da beriledi. Sebebi hikmetli so'z degennin' o'zi de filosofiya. Sonın' ushın da aforizm tiykarında qosıq jazg'an shayırdı, filosofiyalıq ma'nidegi qosıq jazg'an shayır sıpatında tanıwg'a tuwra keledi.

Ferdawsiy, Nizamiy, Nawayı, Fizuliy, Maqtımqulının' har bir qosıq qatarları hikmetliligi menen de ajıralıp turadı. A'jiniyazdın' olar menen bir qatar qarap bolmasa da olardan a'sirese Maqtımqulıdan a'dewir ta'sirlenip o'zinin' pikir du'nyasın a'dewir ken'eytkenligi bayqaladı. Mısalı:

Elinen ayrılg'an diywana bolar,

Yarınan ayrılg'an biygana bolar.

Tulpar degen yabı yan'lı bolmaydı,

Tasqa tiyip doynag'ınan ayrılsa.

A'jiniyaz el birligin saqlaw ushın qa'tqudalarımız awızbirshilikli bolsa deydi. Sonda puqarag'a jaynap – jasnaytug'ın zaman keledi deydi.

A'jiniyaz bul zamang'a jetiwi ushın bas tigip gu'resiw kerekligin bildi. Bul ushın gu'resti de. Xalıq azatlıg'ı ushın Xiywa xanlıg'ına qarsı ju'rgizilgen 1858-

1879-jıllardag'ı Qon'ırat ko'terilisinin' baslı ideologlarının' biri boldı. Bozatawdın' barlıq qayg'ılı waqıyasına gu'wa boldı. Shayır qayda bolsa da a'dillikti taba almadı. Onın' turmısqa, o'mirge bolg'an ko'z-qarasları o'zgere basladı. Endi ol erkinlikti qan to'gilmey qolg'a kirgiziw jolların oylay basladı. O'z xalqının', pu'tkil adamıyzattın' baxıtlı bolıwın tiler edi. Bunday baxıtqa erisiw ushın qurallı gu'res emes, al jaqsı perzent ta'rbiyalaw kerek ekenligine tu'sindi. Jaqsı perzentti ta'rbiyalaw ushın ilim u'yreniw kerek, xalıqtı bilimlendirip, ja'miyetlik turmısqa sanalı qatnas jasasa g'ana jaqsı insanlar payda boladı. Eger xalıqtın' sanası rawajlanıp turmıs ta'rizin jaqsılaw ushın maqsetke umtılsa sonda g'ana iste na'tiyje beredi.

Bozataw ko'terilisinde xalqının' ta'g'dirine janı ashımag'an, satqınlıq etken Panaxang'a mınaday qosıq shıg'aradı:

«Qasqaldaqqa bir ag'arı may pitse,
G'arqıldasıp qonar ko'lin tanımas.
Patshanın' da'wleti qaytayın dese,
Ko'zine may pitip, elin tanımas».

A'jiniyazdın' ha'r bir aytqan ga'pinde teren' filosofiyalıq ma'ni bar, «taw basınan aqsa ag'ash» degende, ol a'piwayı tawdı aytıp otırg'an joq, «balıq basınan shiriydi» degendey, el basshılarının' a'dilsiz siyasatların ha'm onın' aqıbetlerin na'zerde tutıp otır. A'jiniyazdın' ha'r bir qatarına usılayınsha pikir ju'rgizetug'ın bolsaq, onın' filosofiyalıq pikirler shen'berinin' de ken' rawajlang'anın ko'riwimizge boladı.

Patsha bolsan' a'dilden qoy qazını,
Puqaranın' qısh a'yleme yazını, - dep el basqarıwdı, urıs-qag'ıssız, paraxat jol menen sheshetug'ın, xalıqlardın' tınıshlıg'ın tileytug'ın aqıllı, a'dil patshalardı ku'sew ideyası da bu'gingi ku'nde dıqqattan shette qalmaydı. Sebebi ha'zirgi waqıtta da ayırım jerlerde ushırasıp atırg'an qan to'gispe, biygu'na insanlardın' qanı to'giliwi, ma'seleni sheshiwdin' qanshelli zıyanlı ekenligin ko'z aldımızda anıq korinip tur. Adam du'nyag'a eki kelmeydi. Sol ushın onın'

o'miri jaqtılı, mazmunlı, baxıtlı o'mir bolıwı tiyis. Bul ushın adamnın' o'zi de ha'reket etiwi tiyis.

So'zle – ha, bu'lbil zibanım,

Eki keler zaman yoqtı.

Keter bir ku'n shiyrin janın',

Bul so'zimde gu'man yoqtı, - dep «Yoqtı» qosıg'ınan onın' qanday danıshpan insan bolg'anlıg'ı ma'lim boladı. O'zi jazg'anday du'nyag'a bir kelip ketken danıshpan, oyshıl gumanist shayır A'jiniyazdın' ja'miyetlik – siyasiy ko'z-qarasları bu'gingi ku'ni de o'z a'hmiyetin jog'altqan joq.

A'jiniyazdın' ja'miyet haqqındag'ı oyları shıg'ıs danıshpanlarının' progressiv ideyaları menen tanısıp barıwı na'tiyjesinde og'ada teren'lesti, aqıbetinde qaran'g'ılıqta jasap atırg'an qaraqalpaq xalqın ekonomikası, ma'deniyatı rawajlang'an birlikli el etip, baxıtlı zamang'a jetkeriw a'rmanlarına barıp ushlastı. Ol ja'miyettegi unamsız ha'diyselerdin' ko'p bolıp turg'anlıg'ı – aqıldın', morallıq ta'rbiyanın' adamlardın' qarım-qatnasında ken' orın almawınan, eger ja'miyette bilim, a'dep-ikramlılıq rawajlang'an bolsa, bul qubılıslar patshalardı a'dil, zulımdı adamgershilikli etip, olardın' kewlin ag'artadı, dep oylaydı. Usı sebepli A'jiniyaz ko'p g'ana ilimpazlardın' miynetinde ag'artıwshı shayır dep tilge alınıp ju'r.

Adamazt du'nyasında en' ullı qayırlı is – bul jas ha'm keleshek a'wladqa qayırqomlıq, miyirbanlıq, sahawatlıq ha'm g'amxorlıq bolıp esaplanadı. Sebebi ha'r qanday ja'miyettin' keleshek a'wladları ushın g'amxorlıg'ı onın' uzaqlıg'ının' girewi. Jas a'wladqa bilim berip, onı jaqsı ta'rbiyalasan' g'ana keleshekti isenip tapsırıwımızg'a boladı. "Keleshek jaslar qolında" degen Prezidentimizdin' so'zin basshılıqqa ala otırıp bu'gingi a'wladqa insan ushın, onın' abadan turmısı ushın xızmet etiwi kerek ekenligin tu'sindiriwimiz kerek.

"Bilegi ku'shli birdi jıg'adı,

Bilimi ku'shli mın'dı jıg'adı", - dep ata-babalarımız biykar aytpag'an. Erte da'wirde aytılg'an bul pikir sol da'wirde – aq bilimnin' a'hmiyetin ko'rsetip

beredi. “Altındı tat baspaydı” degenindey A’jiniyazdın’ bizden neshshe jıllar burın jasag’anına qaramastan onın’ qosıqları ha’zirge ku’nde de a’hmiyetin joyıtqan joq. Ag’artıwshı shayır adamlardın’ ku’ndelikli turmısında o’ner bilimnin’ og’ada za’ru’r ekenligin, qıyınshılıqlardı jen’iwdegi a’hmiyetin, ullılıg’ın ayttı.

O’zi basınan qansha qıyınshılıqlar keshse de oqıwın taslamag’an. Qaraqalpaq shayırlarının’ ishinde aqun ulama adam. Totalitar rejim ideologiyası da’wirinde A’jiniyazdın’ shayırlıq miyrasları da a’dewir qısım ko’rgeni ma’lim. Onın’ eskishe sawatının’ barlıg’ı, medreseni pitkerip ulama adam bolg’anı, ruwxanıylıg’ın sol da’wirdegi partiyalıq ideologiya jaqtırmaytug’ın edi. Sonın’ ushın da A’jiniyaz o’mirinde quwdalawlar boldı. Onın’ do’retpelerin joq etip jiberdi. Jazba tu’rde jetip keliw mu’mkinshiligi bar bolg’an do’retpelerin de tabıw qıyın boldı. Onın’ milliylik, oqımıslılıq, ag’artıwshılıq ta’replerin ashıp beriwge umtılg’an a’debiyatshı ilimpazlarımız Na’jim Dawqaraevtı da quwdaladı. G’a’rezsizlik, erkinlik da’wiri baslang’an ha’zirgi jan’a zamanda g’ana milliy miyraslar, milliy qa’diriyatlarımız qayta tiklenip atır. A’jiniyaz do’retpelerinin’ ja’ne bir o’zgesheligi o’z xalqının’ qanshelli da’rejede sawatlı, ilimli, bilimli ha’m ruwxıy baylıg’ının’ a’yyem zamanlardan baslanatug’ın tawsılmas g’a’ziynelerden ibarat ekenligin keleshek a’wladlarg’a arnawlı tu’rde belgilep aytıp beriwdi ko’zde tutqan.

Onın’ “Demishler” shıg’armasında birinshi ret qaraqalpaqlar tariyxında, turmıs sharayatında Xiywa sha’wketinin’, ilim ma’skanlarının’ ornı, Xorezm diyarı, jurtının’ girewli a’hmiyeti, o’zinin’ su’yikli jurtı bolg’anlıg’ı ayrıqsha sezim menen, sheksiz mehir – muhabbat penen jazılg’an.

Uzaqtan ko’rinen Xiywa minarı,
Mektep – medresesi bilim shırag’ı.
Du’nya ilimidin baxıttın’ tag’ı,
Bahası joq insaniyat demishler.

Xiywa qalasının' sol da'wirdegi bilim orayı bolg'anın su'wretleydi. A'jiniyaz shayırdın' teren' xalıqlıq muhabbatı, ta'lim alg'an jerine degen joqarı da'rejedegi hu'rmeti, Xiywa, Xorezm walayatına degen sheksiz bahaları qosıqtın' ha'r bir qatarında seziledi.

Xorezm dep musılmannın' panası,
Ku'nnen-ku'nge o'ser sezim sanası.
G'ardamshımız a'l-Xorezm elatı,
İnsang'a sayadur onın' qanatı.
Xiywalıg'a ma'lim A'jiniyaz atı,
Ta'lim alg'an elim menin' demishler.

Bular ele izertleniwi tiyis ma'seleler. Olardı biz totalitar rejimi ko'z-qarasına shırmatılıp u'yrenbey kelgenbiz. O'zimizdin' ko'zimizge su'rme etetug'ın milliy qa'diriyatlarımızdı neshshe jıllar qarawsız qaldırg'anbız. A'jiniyaz bul ma'kang'a yag'nıy eki da'rya aralıg'ı Jayhun, Sayhun, Tu'rkstan – Xorezm diyarına ilimli, bilimli, İslamnın' qu'diretli nurların taratıwshı alım ulama mashayıqlardı ayrıqsha aytadı. Olardın' elimizdi, jerimizdi ilimnin' qu'direti menen nurlandırg'an bahasız xızmetlerin tawap etiwge alg'a qayadı, bizin' ruwxıy du'nyamız, ko'z-qaraslarımız qay jerden sag'a alg'an da'reklerin korsetip beredi ha'm bunın' a'yyemnen kiyatırg'an du'nya jaratılıs ilimleri menen tutasqanlıg'ın ta'riypleydi, usı tiykarda ulama, mashayıq, ha'ziretlerimizdi og'ada teren' hu'rmetlewdi uqtıradı. A'jiniyaz oqıw, bilim, ilim jetiskenliklerinin' xalıq ushın og'ada kerekli ekenin tu'sindiriw ushın "Yu'rsen'" qosıg'ında insannın' bilimli, oqımıslı bolıwın jaratqan allanın' parız etken buyrıg'ı dep ta'riyplegen:

Haqtın' ha'mirine tutpayın,
O'z ka'sibin'nen pa'k qılmayın.
İlimi ta'wsipti sermeyin,
Men ha'm qulman diya yu'rsen'.

Shayır bul qosıg'ında qudaydı aralastırıp, du'nyag'a ko'z-qarasında shekleniwshilikke orın berse de "qudaydın' qulıman" degen ha'r bir bende aqıllı adam bolıwı ushın ilimlerdi o'zlestiriwi kerek" degen bahalı pikirdi aytqan. Xalqımızdın' erkinlikke shıg'ıwı ushın ha'r bir adam bilim alıwı kerek. A'jiniyaz jasag'an da'wirde medrese tamamlap kelgen adamnın' o'zi jetkiliksiz edi. Awıllarda mektepler ashılıp, jaslardı bilim alıwg'a shaqırdı. Ustazlıqtı o'zine ka'sip etken A'jiniyaz o'zinde bar bilimdi jaslarg'a u'yreter edi. Oqıw, bilim tuwralı qosıqlar jazıp xalıq arasında mektepke ko'z-qarasların jaqsı ta'repke o'zgerter edi. Ag'artıwshı turmısta geypara eziwshi feodallardın' ga'pine erip jaman ta'rbiya ta'sirinde qalıp atırg'anlar da barshılıq edi. Olardı da u'git na'siyat penen, qa'tesin tu'sindiriw arqalı qayta ta'rbiyalawg'a boladı dep isendi. A'jiniyaz adamlardı "jaqsı" ha'm "jaman" sıpatında eki toparg'a bo'ledi. Jaqsılar ko'p jag'dayda o'zin bilim menen tolıqtırıp baradı. Sonın' ushın da ol bilimdi jaqsı adamlardı qa'liplestiriwshi faktor sıpatında qaraydı. Oqımag'an, hesh qanday ilimge iye bolmag'an adamnın' du'nya tanıwı da to'men boladı. Jaqsı ha'm jaman adamlar o'zlerindegi kishipeyillik penen danalıq, parasatlılıq penen qatarda topaslıq, ashko'zlik ha'm jalaxorlıq sıpatları menen ajıralıp turadı. Bunday sıpatlar er adamlar menen birlikte hayallar arasında da boladı. Jaqsı adamlar ilim hikmetli, a'dalatlı, birewlerge azar bermeytug'ın o'z miyneti menen ku'n ko'retug'ın topar. Al, jaman adamlar bolsa birewlerdin' u'stinen o'sek so'z tarqatatug'ın, o'tirikshi, jalaxor ha'm su'txor adamlar. Sonın' ushın da o'mirde bul ekewi arasında kelispewshilikler bolıwı ta'biyiy. Bul eki taypadag'ı adamlar turmıs qursa, olar daw-ja'njelden bası shıqpaydı. Birin-biri sıylamaydı, olar arasındag'ı qarım-qatnaslıq shiyelenisip aqırı ajırasıp tınadı. Jaqsı adam bolıwı ushın adam keshirimli ken' bolıwı kerek. Al, kewilde giyne saqlay beriw jaman adamnın' talabı. Bunday minez-qulıqtag'ı adamlar ha'm du'nyaqarası, insaniylıq o'lshemleri usıg'an say qa'liplesken insanlar ha'r zamannın' da baslı mashqalası bolıp kelgen, olar ja'miyettin' rawajlanıwına

tosqınlıq jasap, insaniylıq pa’ziyletlerdin’ en jayıwına jol bermegen. Bul illetler insaniylıq kelbetin jog’altqanlarg’a g’ana ta’n. Shayır bul haqqında:

“Aqıllı yaqshının’ giynesi bolmas,

Yaman adam giyne tutsa umıtpas” – dep jazadı.

Jasında ta’rbiya alg’an, aqıllı, bilimli adamlar son’g’ılıg’ında da isti oylanıp isleytug’ın, parasatlı boladı. A’sirese bilimi arqasında ko’pshilik ma’seleni durıs sheshetug’ın ko’regenlikke jetisedi. Sonlıqtan shayır:

Jol bilmesen’, jol soran’ız bilgennen,

Gu’der u’zbe ıqrarında turg’annan.

Yaman menen qırıq jıl da’wran su’rgennen,

Yaqshı menen bir dem sa’wbetler jaqsı – dep ko’pti ko’rgen insanlardı ha’r bir so’zi jaslar ushın ta’rbiya, aqıl bolatug’ının ko’rsetedi. Jaslar ta’rbiyasında jası u’lkenlerdin’ de ornı ayrıqsha.

A’jiniyaz Xiywa medresesin tamamlap keliwden o’z awılında mektep ashıp ustazlıq etti. Bul ka’sibinde jaslarg’a tu’rli ilimlerden tu’sinik bere basladı. Bul oqıw ornı jaslardan aqun, ulama bilimli adamdı jetilistiretug’ın ma’kan dep atadı. Sebebi A’jiniyaz mektep-medresenin’ xızmetin ayrıksha bahaladı. Har bir ustaz o’zinde bar bilimdi sha’kirtine u’yretiwi kerek.

Molla bolsan’ zaya qılma bilimin’di – dep ustazlarg’a o’z wazıypaların belgilep berdi. Ustazlardı ag’artıwshı xızmetkerler dep atadı. Sebebi olardın’ wazıypası xalıqtı sawatlandırıw edi. Jergilikli xalıq jasag’an aymaqtın’ ba’rinde de ag’artıwshılar jetise bermegen, sol waqıtları bug’an qattı qıynalg’an jag’dayların shayır qosıkları arqalı bilemiz.

Mu’darissiz urpag’larım,

Bilimsiz ko’rindi, ko’rindi.

A’jiniyaz oqıtqan mekteplerde er balalar menen birge qızlardı da qosıp oqıtqan. Xiywa medreselerinde hayal-qızlardı bo’lek oqıtatug’ın edi. “Orta Aziyada ko’pshilik basqa xalıqlardın’ mekteplerinde qızlar ul balalardan ayırıp

oqıtılatug'ın bolsa, al qaraqalpaq mekteplerinde olar birge oqıtılg'an"[1] degen tariyxshı ilimpazlardın' pikiri so'zimizdin' da'lili boladı. A'jiniyaz qanday qıyın jag'dayda da du'nya tanıwdan, o'ner ilim u'yreniwden bas tartpaw kerek. Ba'rha mektepte bolıp ta'kirarlap oqıp barıw kerek. Sonda g'ana ha'r bir ilimnin' o'zine ta'n o'zgesheligin ayıra alasan'. Burın sawatsız, hesh na'rseni u'yrenbegen xalıq arasındag'ı tu'sinbewshilikler de boldı. Hayal-qızlar oqıwg'a kelmedi. Kelgisi kelgenlerin ata-anaları jibermedi. Endi elde tu'sinik jumısların da alıp barıw kerek boldı. Bul jumıslar da ag'artıwshı xızmetkerlerdin' moynına ju'klendi. Sol waqıttag'ı ja'miyetlik turmıstın' sebebinen bul jumıslar na'tiyje bermes edi. Qızlardı oqıwg'a jiberiw, jibermew ata-analarının' ıqtıyarında edi. Hayal-qızlar erkinligi ma'selesi sol da'wirde-aq payda bolg'an edi. Erler ten' sapta turıp miynet etiw, o'z qa'legeni menen turmıs qurıw, adamlar menen erkin qarım-qatnasta bolıp sa'wbetlesiw ma'seleleri bilim alıwg'a, a'dep-ikramlılıqtı u'yreniwge baylanıslı edi. Qızlardı oqıwg'a, bilim alıwg'a qızıqtırıw ushın u'lgi bolarlıqtay da'slepki bilim alg'an qızlardın' islerin maqtap:

"Qa'lmen baydın' qızı molla Na'biyra" – dep qızlardın' qolınan da tu'rli is keletug'ının ko'rsetedi.

Ha'mme waqıtta ag'artıwshılıq isler unamlı bola bermey ayırım kemshilikler de ushırasıp turadı. Mektepti pitkergenlerdin' arasında ha'ripti tanımaytug'ınlar da ushırastı. Ayırımları mektepti taslap ketedi. Oqıwg'a qızıg'ıwshılıg'ı joq balalardı qalay qızıqtırıw kerek ekenligin oyladı. O'zi qosıq jazıp qosıq qatarların arab a'lipbesinin' ha'ripleri tiykarında jazdı ha'm qaysı so'zde qaysı ha'rip qollang'anın tu'sindirdi. Oqıwshılardın' qızıqpay ketiwinin' ja'ne bir sebebi mollalardın' sawatının' kemisliginde deydi. Sebebi ayırım mollalar jazıydı u'yretpey tek yadlatadı. Mollalardın' o'zleri tek oqıwdı bilip, xat jazıwdı bilmeytug'ın edi. En' jamanı o'zlerinin' minnetli wazıypalarına nemquraydı qarawında edi.

---

[1] J.Orınbaev Revolyutsiyadan burıng'ı qaraqalpaq territoriyasındag'ı bilimlendiriw islerinin' ha'm mekteplerdin' qısqasha tariyxı haqqında. N. 1964.

Ha’zirgi waqıtta mekteplerde de bilimdi ko’rsetpelilik penen alıp barsa oqıwshıg’a tez ha’m anıq jetkere alasan’. A’jiniyazdın’ pikirinshe de u’yreniletug’ın materialdı ko’rsetpelilik penen jetkerse, bilim beriwde jan’asha formalardı paydalansa balalardı jalıqtırmay qızıg’ıwshılıq oyatar edi. U’yinde de oqıwın ta’krarlap, so’zlerdi yadlaw usılı menen emes tu’sinip oqısa g’ana bilimnin’ miyde ornıg’ıwı jaqsı bolatug’ının tu’sindirip bardı. Shayır o’z mektebinde diniy ta’rtiplerge itibar bermesten, qosıq sabag’ın ju’rgizgen, balalarg’a jazg’an qosıkların ha’m xalıq namaların u’yretip, estetikalıq ta’rbiya jumısların da alıp baradı. O’zi de sabaq waqtında qosıqların aytqan. A’jiniyaz o’zi ustazlıq etiw menen birge sha’kirt te tayarladı. Sebebi mollalardın’ oqıtıw usılı unamlı bolmag’anlıqtan bilimli, oqıtıwshılıqqa ebi bar balalarg’a o’z ta’jiriybesin u’yrete basladı. Onın’ ta’jiriybesinde balanı jazalaw jat na’rse edi. Sabaqtan u’lgermegen balag’a tu’sindiriw, u’yretiw kerekligin eskertti. O’zi de balalarg’a mehriban, jıllı so’zli boldı. Ayırım mollalardın’ jas o’spirimlerdi oqıwdan bilmegeni ushın, basqa da sebepler ushın du’rre urıw, pallaqqa asıw sıyaqlı jazalardı qollanatug’ının biledi. Bug’an ol qarsı boladı. Sebebi o’zide bunday jag’daylardı bastan keshirgen edi.

«İymam degen iymansız,

Jılasam urdı kerip» – dep ko’rsetedi.

Bunday jag’daylar balag’a psixologiyalıq jaqtan ta’sir etiwi mu’mkin. Ha’zirgi a’wladlarımızg’a da mektepte jaza qollanıw jat na’rse. Ta’lim-ta’rbiyanın’ jan’a formaların oylap tawıp oqıwshıg’a tu’sinik jumısları alıp barıladı. Bilmeytug’ın balag’a ıza da bermew kerek. Tu’sinik jumıslarının’ o’zi bilim alıwg’a ha’m a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalaydı. Bilimli ha’m talantlı adamlar g’ana bunday ruwxıy ha’m ag’artıwshılıq islerdi alıp baradı. A’jiniyazdın’ XIX a’sirde jasag’an qaraqalpaq klassikleri arasında ta’nha o’zinin’ sol zamannın’ en’ joqarı oqıw ornı bolg’an medreseni tamamlawı, Xiywadag’ı Qutlımurat inaq medresesinde ta’lim alıwı qaraqalpaq xalqının’ u’lken maqtanıshı edi.

Xorezmnen shıg’ıp bir neshe alım,
Olardın’ hayatı, du’nyag’a ma’lim.
Jetilgen bilimli, uslubı ta’lim,
İlimnin’ Watanı bolg’an demishler.

A’jiniyaz bul qatarlarda pu’tkil Orta Aziya tu’rkiy xalıqları menen birge qaraqalpaqlardın’ ruwxıy baylıg’ı, sawatlanıw da’rejesi, du’nya tanımı, ko’z-qarasının’ teren’ligi, ilim-hikmet, bilim alıw bag’darları, o’zin qorshag’an du’nya haqqında, onın’ go’zzallıg’ı, sulıwlıg’ı jo’ninde, musılmanshılıqtın’ sha’rtlerin, qag’ıydaların biliw, shariyat huqıqların tu’siniw, o’zlestiriw bag’darların ko’rkem so’z ibaralarında ju’da’ sheber tu’sindiredi. Shayır ilim ha’m ma’deniy ag’artıwshılıq jolı menen o’zinin’ qaran’g’ı tu’nekte qalıp qoyg’an, ezilip atırg’an qaraqalpaq xalqın jaqtılıqqa alıp shıg’ıwdı a’rman etti. Xiywada oqıp kelgen, o’z eline za’berdes shayır, oqımıslı, watanshıl azamat sıpatında tanıldı. Xalqının’ turmıs ta’rizine ta’sir jasap, ilimli – mag’rifetli bolıwdı a’rman etti. Xalıq mun’shısı bolg’an su’yikli shayırdın’ usı asqar biyik a’rmanları jan’a da’wirde iske astı. Onın’ shıg’armaları bizdi jan’a baxıtlı turmısımızdın’ qa’dirine jetiwge u’yretedi. A’jiniyaz o’z bilimin, o’z talantın xalqına xızmet qılıw ushın jumsag’an, o’z da’wirinin’ ozıq oylı shayırı, ag’artıwshısı bolg’anın ta’n alamız.

## II-bap. A’jiniyaz shayır do’retpelerinde jaslardın’ ruwxıy qa’liplesiwi ma’seleleri

### II.1. A’jiniyazdın’ jaslar ta’rbiyasına ko’z-qarası.

Perzent ta’rbiyası ju’da’ na’zik ha’m juwapkerli wazıypa. Ata-ana o’z perzenti tımsalında xalıqtın’, millettin’ keleshegin ta’rbiyalaydı. O’ytkeni perzentler ka’malg’a kelip xalqı ha’m Watanına xızmet etetug’ın, onın’ tınıshlıg’ı, g’a’rezsizligi, hu’rmet dan’qın qorg’aytug’ın insanlar bolıp jetisedi.

Bir adam jan’a tuwılg’an na’resteni danıshpannın’ aldına alıp kelip: «Taqsır balamnın’ ta’rbiyasın qashannan baslayın?» dep soraptı. «»Balan’ızdın’ du’nyag’a kelgenine neshe ku’n boldı?» – depti danıshpan. «Eki ay boldı, taqsır», - juwap beripti a’kesi. «A’tten’, siz biraz keshigipsiz, perzenttin’ ta’rbiyasın anasının’ qarnında waqtında-aq baslawın’ız kerek edi», - degen eken danıshpan.

Perzent du’nyag’a keler eken, og’an birinshi gezekte ta’rbiya kerek. Ta’rbiya protsessinin’ adam ta’g’dirinde sheshiwshi rol atqaratug’ınına itibar berip balanı qalay ta’rbiyalasan’ solay o’setug’ının bilemiz. Adamlardın’ a’dep-ikramlılıg’ı, etikalıq jaqtan jetilisiwi ja’miyetlik turmısta onın’ ta’rbiyasına baylanıslı. Eger ta’rbiya durıs berilmese jaqsı adam bola almaydı. Perzentti ta’rbiyalaw tek ata-ananın’ wazıypası bolıp g’ana qalmastan onda ortalıqtın’, ja’miyetshiliktin’ de ornı girewli. Ha’r bir ja’miyetlik du’zimde insannın’ keleshek jetilisiwin ta’miynlewshi ta’lim-ta’rbiya, ruwxıy-ag’artıwshılıq jumısları turmıstın’ ha’reketleniwshi ku’shi esaplanatug’ın insannın’ ka’mal tabıwına ta’sir etiwshi tiykarg’ı faktorlar bolıp tabıladı. Ullı danıshpanlar, pedagog alımlar na’wqıran insandı ka’mal taptırıw ushın ta’lim ta’rbiyanın’ sonshelli za’ru’rligin, onın’ insan o’mirindegi ornı ha’m rolinin’ a’hmiyetliligin tiykarlap bergen.

Shıg’ıstın’ ullı oyshılı Abu Nasr Farabiy o’zinin’ «A’dep-ikramlı qala turg’ınları» degen miynetinde: «ta’lim - ta’rbiyanın’ baslı maqseti, ja’miyet talaplarına juwap beretug’ın, onın’ pu’tinligin, tınıshlıg’ın, pa’rawanlıg’ın

saqlawda xızmet etetug'ın ideal insandı tayarlaw» – dep ta'lim ta'rbiyada jaslardı bilim ha'm a'dep-ikramlılıqta ta'rbiyalaw kerek, eger bunday bolmasa ku'tilgen maqsetke erisip bolmaydı, degen pikirlerdi alg'a qoyadı.

Shıg'ıs klassiklerinin' do'retpelerin tolıq u'yrengen A'jiniyaz da o'z do'retpelerinde ta'rbiya ma'selelerine itibar bergen. Eger perzenttin' ta'rbiyası to'men bolıp ol jaman, pa'skesh, jalatay, ja'njelparaz bolıp er jetse onnan ata-anası da bezedi.

Mısalı:

«Aqmaq bolsa tuwg'an balan',

O'mirin' zimistang'a megzer», – dep ata-anası ta'rbiyalı bolg'an menen balası durıs ta'rbiyalanbasa o'mirinshe a'rmanlı bolatug'ının ko'rsetedi. Joqarı sıpattag'ı adamgershilik – adamlardın', keleshek jaslardın' bir sıpatlı belgisi. Shayırdın' pikiri boyınsha adamlar ko'birek so'zi arqalı ayırıladı. Sebebi adamgershiliktin' o'zi de da'slep til arqalı belgili boladı. Sonın' ushın da ha'r qanday adam oylanıp so'ylewi kerek.

So'ylegende so'zdin' parqın bilmegen,

Adam degen menen insan bolar ma?

degen qatarlar arqalı adamg'a durıs ta'rbiya berilmese, ol insanıylıq qa'siyetlerge iye bolmasa adam dewge bolmaydı degen pikirdi bildiredi. A'jiniyaz da o'z zamanının' ta'rbiyashı, pedagog, ag'artıwshıları sıpatında ta'lim-ta'rbiya ma'selelerine u'lken itibar bergen, «insan baxtın xalıq baxtı» dep esaplag'an ullı oyshıl shayır «u'lkendi hu'rmet etiw, jası u'lkendi sıylaw jaslar ta'rbiyasında birinshi orında turıwı kerek» – degen pikirleri o'z da'wirlerinde qanday a'hmiyetke iye bolsa, bu'gingi ku'nde de sonday a'hmiyetke iye.

Adam u'lı adam qa'dirin bilmese,

Onnan du'zde otlap ju'rgen mal jaqsı.

Aytqan so'zdin' mag'anasın bilmese,

Ol adamnan tilsiz o'sken lal jaqsı.

Adamzattın’ bul du’nyada jasaw maqseti a’dalatlı tu’rde ku’n keshiriw, bul o’mirdegi jaqsı ha’m jamanlıqlardın’ aqıbetin seziw. Biraq barlıq adam o’mirde bir tekli emes. Ko’pshilik ta’rbiyag’a mu’ta’j bolıp keledi. Sonın’ ushın da A’jiniyaz adamlar arasındag’ı parıqtı ayqın sezdi.

Ha’zirgi waqıtta shan’araqta, mektep, ma’ha’lle, joqarı oqıw orınlarında adamgershilik ta’rbiyasının’ za’ru’rligin, a’hmiyetin atap ko’rsetedi. Sebebi adamdı hu’rmet etiw, onın’ miynetinin’ qa’dirine jetiw, bir-birewge miyirban bolıw adamgershiliktin’ nıshanı bolıw menen birge insaniy minnet ha’m joqarı pazıylet esaplanadı. Bul danıshpanlıq ideyalardı toqtawsız dawam ettiriw bu’gingi ku’nnin’ de en’ a’hmiyetli ma’selesi ekenligin teren’ sezingen Prezidentimiz İ.A.Karimov Ma’mleketimiz, xalqımız ta’g’dirin jaratıwshı ta’lim-ta’rbiya beriwshilerge, «bizin’ elimizdin’ keleshegi jas a’wladtın’ qanday bolıp o’sip jetilisetug’ın, qanday a’dep-ikramlılıq qa’diriyatların qabıl etip alatug’ınına, qanday ideyalarg’a xızmet etetug’ınına baylanıslı bolatug’ının bizler umıtpawımız kerek» – dep ata-ana, oqıtıwshı-ustazlarımızdın’ ayrıqsha dıqqat-itibarın qaratadı.

Ullı danıshpanlardın’ da o’z da’wirlerinde baslı ideyası, qanday etip jas a’wladtı baxıtlı etiw, ta’lim-ta’rbiya beriw ma’selesi bolg’anın, olardın’ keleshegin jaratıw mashqalası menen jasag’anın milliy miyraslarınan, do’retpelerinen oqıp u’yrenemiz.

Ha’r bir ata-ana perzentin «kewlimnin’ quwanıshı, ko’zimnin’ nurı, belimnin’ quwatı» dep sanaydı. Sonday-aq A’jiniyaz da basqa ellerde saparda ko’p bolg’anlıqtan qosıq qatarları menen balasına xoshlasıw so’zlerin jetkergen. Balası Nagmetullanı

… «Ko’zimnin’ ra’wshanı, janım a’y ug’lım»,

… «Ko’n’limnin’ quwanıshı jigeriy-ba’ndim».

… «Belimnin’ ma’darı, bashımnın’ tajı» – dep ten’eydi. Balasına jayaw, iynimde tayag’ım el gezip ketermen, izimnen jılama, bekkem bol dep ta’selle aytıp na’siyat etedi. Ha’r bir ata-ana da o’z perzentin usılay qa’sterlewi

mu'mkin. Bala tuwılg'anda arnawlı ta'rbiyag'a za'ru'r bolıp tuwıladı. Perzenttin' aqıllı, o'nerli yaki uqıpsız bolıwın ta'rbiya anıqlaydı. Adamlardın' alg'an ta'rbiyası ha'm biologiyalıq rawajlanıwları bir qıylı bolmag'anlıqtan olardın' aqıl-huwshı, minez-qulqı ten' emes. Bul pikirin bayanlaw maqsetinde shayır «ba'rshe birdey bolg'an emes» atlı arnawlı qosıq ta jazadı.

Birewde bar pitken aqıl,
Juqpay keter su'rtken aqıl.
Oydag'ını bilip bolmas,
Burıng'ıdan qalg'an naqıl.

Biz insandı ha'r ta'repleme kamal taptırıw ta'lim-ta'rbiyanın' ku'shi menen a'melge asatug'ının, sebebi ta'lim-ta'rbiya insandı ha'mme na'rseden joqarı ko'terip turatug'ın ha'm a'wladtan a'wladqa o'tip otıratug'ın ma'n'gilik miyras ekenligin ug'amız. Adamlar tuwılg'anda jaman yaki jaqsı bolıp du'nyag'a kelmeydi, ha'mme na'rse ta'rbiyag'a baylanıslı. Ha'r bir xalıqtın' keleshegi ma'mlekettin' ku'sh-qu'direti ko'p jag'ınan a'wladlar ta'rbiyası menen baylanıslılıg'ın ko'rsetedi.

Ullı islam du'nyası ulamaları esaplang'an İslam Buxariy, Axmad Yassawiy, Najmiddin Kubra sıyaqlı shıg'ıstın' ullı danıshpanları ka'mil insan ma'rtebesi dep ha'r kim, ruwxıy taza bolsan', jaman na'rseden jıraq bolsan' na'psin'e qul bolmasan', birewgezulımlıq qılmasan', gu'na islerge qol urmasan', tuwrı ju'rip - tuwrı tursan', sawap islerge bel baylasan' bul du'nyadan a'rmansız etsen' – degen ideyalardı alg'a qoyadı.

Ta'rbiya ma'selesinde ko'p so'z etip jaslardın' sanasına adamgershilik ideyasın sin'diriw ha'zirgi da'wir talabı. Sebebi «bizler bu'gin tınıshsız ha'm qa'weterli zamanda jasap atırmız. İnsaniyat u'lken arzıw a'rmanlar menen qa'dem qoyg'an jan'a XXI a'sirde de xalıq-aralıq terrorshılıq du'nyanın' ha'r qıylı jerlerinde o'zinin' jawız kelbetin ko'rsetpekte», - degen edi Prezidentimiz. Jaslarımız arasında usınday terrorshılıq ha'reketlerge qatnasıp ju'rgenlerinin' gu'wasımız. Biz bunday jaslarg'a o'ner u'yren, bilim alıwın' kerek dep na'siyat

etemiz. O'zlerimizdin' aldımızg'a qoyg'an ullı iygilikli maqsetlerge erisiw, ma'mleketimizdin' qa'wipsizligin ta'miynlew wazıypasın orınlaw birinshi gezekte o'z ku'sh-qu'diretimizge, xalqımızdın' ja'mleskenligine, ku'shli erk-ıqrarına baylanıslı boladı. Terrorizm, narkomaniya yaki basqa da jat illetlerge qarsı alıp barılatug'ın ku'sh ha'm en' ku'shli qural bul – birinshi ta'lim - ta'rbiya bolıp esaplanadı.

A'jiniyazdın' pikirinshe, ha'r qanday estetikalıq go'zzallıq adamlar arasındag'ı ta'lim ta'rbiyadan kelip shıg'adı dep tu'sindiredi.

«Yigittin' shiyrin til hayalı bolsa,

U'yine qıdırıp miymanı kelse.

Alg'anı sallanıp, barını berse,

Miyman ku'tse, basqa isi bolmasa» – degen qosıqları arqalı jaqsı hayal u'ydin' bezegi ha'm ko'rki. Sebebi miyman ku'tiw ha'rqanday adamnın' ziyneti. Adamnın' abırayının' o'siwi de miyman ku'tiwden baslanadı. Eger hayal miyman aldında sır aldırsa yaki namaqul qılıq islese, onın' pa'sligin bildiredi. A'jiniyaz jaqsı er menen jaqsı hayaldın' qoslas bolıwın qadirleydi.

«İshin' tolıp a'rman – sherge,

Kewlin' megzer qara jerge.

Jaman qatın jaqsı erge,

Tawsılmas da'hmetke megzer» – dep er menen hayaldın' minezi bir – birine sa'ykes kelmey qalsa u'lken qayg'ı yamasa apatshılıq boladı. Sebebi bular bir – biri menen kelisip xojalıqtı ju'rgize almaydı. Hayaldın' go'zzal ha'm a'depli bolıwı da ta'rbiyag'a baylanıslı. Shayır o'z da'wirinin' ha'mme jag'dayları menen tanıs bolıp, o'z do'retpelerinde su'wretlep baradı.

A'jiniyaz jasag'an da'wir waqıyaları menen ha'zirgi da'wirdegi waqıyalar da ta'rbiya u'lken rol oynaydı. Bunda jası u'lkenlerdin' ta'rbiyalıq so'zleri bahalı boladı. Jaslarg'a aqıl bilim beriw haqqındag'ı ko'z-qaraslarında insan aqılın jetilistiriw ushın bilim beriwshi ustazlardın' wazıypasına ayrıqsha a'hmiyet berdi. Ustazlar qansha ta'rbiya berse de onı uqpaytug'ın insanlarda

boladı. Bunday adamlar a'depten aq aqıldı almaydı, keyninde minezi de o'zgerip ketedi. Bunday adamlarg'a A'jiniyaz mınanday qosıq qatarların keltiredi.

«Haslı buzıq so'zge ermes,

Na'siyatqa kewil bermes» – dep aqıbetinde ja'miyettin' bunday ag'zası jaman ta'rbiyalı bolıp shıg'atug'ının aytadı. Sonın' ushın da A'jiniyaz «Ko'rdim» qosıg'ında jaslardı unamsız minez-qulıqtı boldırmawdın' da'slepki sharaların isleydi, adamlardın' bir-birine ta'rbiyalıq ta'sir tiygiziwi za'ru'rligin de ortag'a qoyadı. A'sirese sol da'wirde insannın' jaqsı, jaman, aqıllı, o'nerment bolıwın na'siline, ata-tegine baylanıstırıwshılıq ku'shli edi. Shayırdın' ko'p izleniwi na'tiyjesinde ta'lim-ta'rbiya haqqında a'dewir progressiv ko'z-qaraslar qaliplesti. «Uyada neni ko'rsen' - ushqanda sonı ko'rersen'» degen xalıq naqılı da biykarg'a aytılmag'an. Eger shan'araqta ata-analardın' o'zleri a'dep-ikramsız, birin-biri hu'rmetlemese – bunın' o'nip-o'sip kiyatırg'an perzentke unamsız ta'siri ku'shli ekenin tu'sindirgen. Sonday-aq a'dilsiz patshalar elge basshılıq etken zamanda zulım patshalardın' qasında jaqsı minezdi payda etiw qıyın. Sebebi zulımlıq adamnın' jaqsı minezin de o'zgertip jiberiw mu'mkin. Zulım patsha o'z perzentin xalıqqa qarsı qoyıp ta'rbiyalaydı. Baylardın' balaları menen xalıqtın' balalarının' arasında qarama-qarsılıq payda boladı. Sol da'wirde ja'miyaette eki tu'rli ta'rbiyanın' bar ekenligin bildiredi. Onın' pikirinshe mekteplerdegi oqıw, o'ner, bilim u'yreniw bul balalardın' sanasında ten'lik degen tu'sinik payda bolıwı mu'mkin deydi. Solay etip, jaslar arasında bir-birinin' qa'dirine jetiwge, adamgershilikli bolıwg'a shaqırıp qosıqların do'retti. Qosıqları arqalı el basshıları bolg'an qa'tqudalardın' adamgershilik sezimlerinin' bolıwı da ta'rbiyag'a ta'sir etetug'ının ko'rsetedi. Jaman minez-qulıqlı, baylıqqa isenip, insanıylıq nızamlardı ayaqqa basıwshı zalım adamlardı qaytadan ta'rbiyalaw ja'rdeminde jaqsı pa'ziyletliler qatarına qosıwg'a boladı, na'tiyjede ja'miyette o'z-ara sıylasıq izzet, hu'rmet, insanıy ma'mile orın alıp, adamlar baxıtlı jasaydı dep oylaydı. Jaslar ta'rbiyasında elin

dushpannan qorg'ap, o'z xalqının' g'amın oylawdı, xalqına pana, qa'wender bolıwdı baslı ma'sele etip qoyadı.

## II.2. A'jiniyaz jasag'an da'wir ha'm jaslar ma'nawiyatı ma'seleleri

Aqıl insannın' etikalıq tu'sinigin ta'rtike saladı. Aqıl-esi pu'tin adam hesh qashan jamanlıq oylamaydı. Ja'miyetlik turmısta a'dep-ikramlı adamlar birin biri xorlamaydı, birin-biri eziwine jol qoymaydı. A'jiniyazdın' jaslardı a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw haqqındag'ı oyları da ag'artıwshılıq ko'z-qarasları menen baylanıslı. Shayır adamlar arasındag'ı topaslıqtı ko'birek ta'rbiyadan izleydi. A'depli ha'm ko'rgensiz adam arasında biologiyalıq ayırmashılıq joq ekenin, tek ta'rbiya menen bilim alıwdın' basqasha bag'darlarda, ha'r qıylı da'rejede bolatug'ının aytadı. Usıg'an baylanıslı

Paziylet bilmegen nadan,

To'rt ayaqlı malg'a megzer – degen qatarlardı jazadı.

A'jiniyaz jaslardın' a'dep-ikramlılıg'ın qaliplestiriwde ata-babalardın' bay ta'jiriybelerine – «xalıq pedagogikasına» su'yeniwdi quwatlag'an:

Burıng'ı adamnan qalg'an wa'siyat,

Go'ne adamlarda bardur qa'siyet.

Alarnın' aytqanı - ba'ri na'siyhat.

Perzent a'dep-ikramlı, unamlı qasiyetlerge ta'rbiyalanbasa, turmısta jek ko'riwshilik sezimlerine ushıraydı. Aqıllı bolıwı ushın ilimdi iyelewi kerek. İlim u'yrengeni adamnın' o'zi ushın, o'zinin' hu'rmetin asırıw, basqag'a izzetin asırıw ushın kerek. Danalardın' aytqanınday ilim menen du'nya-maldan a'weli adamnın' o'zi paydalanıwı kerek. Jaqsı na'tiyje bergen jan'alıqlardı, ta'jiriybelerdi a'weli o'zine, keyin basqalarg'a engiziwi kerek. Sonda onın' aqılı artadı, abıroyı o'sedi.

A'jiniyaz jasag'an da'wirde zulımlıqlar ko'p boladı. Onda insan qa'dirin ayaq astı qıladı. Bul tek shayır qalbin emes, xalıqtın' qa'lbin jaraladı. Adam

qolınan kelgen jaqsılıqtı islewi kerek. Eger jaqsılıq qılıp adamgershilikli is etsen’ g’ana basqalar sag’an hu’rmet ko’rsetedi.

Qısh aqırabı yaqshı, g’ayrı elattan,

G’ayrı elat jaqsı, jaman zu’ryadtan.

Joldassız – ju’rissiz bir shabar attan,

Qos arbag’a belli o’giz jaqsıraq.

Bul qatarlar arqalı attan ju’yrik na’rse joq, eger ol shappasa arbag’a qosatug’ın o’giz jaqsı deydi. Qıs qattı suwıq boladı. Dalada qalsan’ qatıp qalasan’ deydi, al o’z elinen shette qalıw, jat jurtta ju’riw onnan da jaman deydi.

Onın’ qosıqlarında hayal-qızlardın’ a’dep-ikramlılıg’ına arnalg’an qatarları da ushıraydı.

… O’z boyın’a tu’rli nasaq taqqannan,

O’z yarın’nın’ ta’rbiyasın ber jaqsı.

… A’depsiz, ikramsız biyra’him qızlar,

Xoshirey bolg’an menen janan bolarma.

A’jiniyazdın’ pikirinshe sın menen mazmunnın’ ten’ bolıwın qa’leydi. Onın’ pikiri boyınsha xoshirey ha’m sulıw qızlardın’ ha’mmesin jaqsı dep atap bolmaydı. Sebebi hayal-qızlarg’a go’zzallıq penen birge a’dep-ikramlılıq za’ru’r. A’jiniyazda a’dep-ikramlılıq pikirleri ha’r bir qosıq qatarında ushırasadı.

Shayır jaslardı xalıq ushın miynet etiwge ta’rbiyalaw haqqında da bahalı pikirler ayttı. Adamlar tek jasap, ku’neltiw ushın g’ana emes, al xalıq ma’pi Watannın’ gu’lleniwi ushın da man’lay ter to’giwi kerek.

Elge paydası joq maqtanshaq ma’rtten,

Shan’ kirin’di qag’ıp esken jel jaqsı -

dep miynettin’ ullılıg’ın, eldi su’yiwshilik sezimleri menen baylanıstıradı.

Sır saqlay biliw de a’deptin’ bir tu’ri. Shayır o’z qosıqları arqalı jaslarg’a sır saqlay biliwdi eskertedi, esitkeni menen korgeninin’ ba’rin ko’ringenge ayta

beriw de a’depsizlik bolıp esaplanadı. Awzında ga’p turmaytug’ın parasatsızlarg’a qupıya oylardı pash etpewdi na’siyatlaydı.

«Sır shashpas adam balası» -

dep durıs ta’rbiya alg’an adamlar ha’rkimge ishtegi pikirlerin ayta bermeydi,

«Yigit kera’k o’z jayında so’zla’sa’,

Ha’rkima’ sır bermey sırın gizna’sa’»[1] –

dep dos emes adamlardın’ arasında sır bermese jaqsı bolatug’ının eskertken. Sır saqlay biliw sabırlı parasatlı adamlarda bolatug’ının ayta otırıp jaslardı saldamlılıqqa u’yretemiz.

«Sabırlı is artıq, ko’z benen ko’rdim» –

dep bunın’ ta’jiriybede ko’p sınalg’anın jazadı.

A’jiniyaz shıg’armalarında a’dep – ikramlılıqqa ta’rbiyalaw ma’selesi sheber suwretlengen. Xalıqtın’ keleshegi bolg’an jaslardın’ unamlı etikalıq tu’sinigi menen xarakteri ja’miyettin’ jaqsılanıwına, adamgershilikli qasiyetlerge bay bolıwına alıp keledi.

Shayırdın’ so’zlerinin’ qabırshag’ında jerdegi adamnın’ janlı du’nyası teren’ ha’m ku’shli jan’laydı. Bunda shıg’ıs tillerine kirgen so’zleri menen a’piýayı bendenin’ payına tiygen barlıq shadlıqlar, qapalıqlar shın ha’m tolıq tu’rinde ko’rinedi. A’jiniyaz poeziyası ha’r qanday tuyg’ılardı teren’nen shıg’arıp, tu’pten qozg’ap, ma’n’giden kiyatırg’an ju’rek penen aqıldın’ eregisinen tulg’anın’ ishki du’nyasının’ pu’tin kelbetin du’zedi. Ol ishki du’nyalıq turmıstın’ ag’ımı menen birligin ko’rsetedi. A’ne usında A’jiniyazdın’ tili u’lken rol atqarıp onın’ noavtorlıg’ının’ uyıtqısı boladı. Onı bayıtadı ha’m salmaqlı, shiyrin, su’ykimli qıladı.

Joqarı bahalı qunlı shıg’arma ondag’ı son’g’ı so’z benen pitip qalmaydı. Yamasa qaharmanlardın’ tariyxın jırlaýdın’ taýsılıýı menen taýsılmaydı. Ol ishki ku’shlerdi retleydi. Ol adamda o’lmeytug’ın hu’jdannın’ shırag’ı,

---

[1] A’jiniyaz Tan’lamalı shıg’armaları. N. 1975 j.

haqıyqatlıq gu’lda’stesi, pa’slikti qabıl etpeýde ha’r bir adamnın’ o’mirinde so’zsiz bolatug’ın qıyınshılıqlardı jen’ip barıý ha’m onı o’z qa’lbinde sınap ko’riýge xızmet etiý arqalı uzaq jasaydı. Demek olay bolsa ol altın miyrastı tolıq, haqıyqıy ha’m obektiv su’ýretleý ha’m onı shiresinen ayırmay, shirin zibanlıg’ına marapatlanıp ha’m onı tan alıp, onın’ ko’pshilikke tolıq ha’m shıraylılıqta jetip barıýına xızmet etiý, ju’da’ u’lken saýaplı ha’m azamatlıq ýazıypa.

Bu’gin biz millet retinde kim arqalı elem aldında maqtanıýımız kerek deytug’ın ýaqıt keldi. Onda biz A’jiniyaz arqalı ha’m sol sıyaqlı ulamalar so’z zergerleri arqalı o’zimizdin bar ekenligimizdi aytıp da’lilleýimiz za’ru’r. O’ytkeni biz odan o’zimizdin’ aqıl - oyımızdı, ruýxıyatımızdı ko’rsetemiz. Biz elemge qaraqalpaq tilinin’ baylıg’ı menen barlıg’ın, onın’ ullı mu’mkinshiligin, bizin’de tariyxıy destu’rlerimizdin’, oy - sanamızdın’ qozg’alg’ısh, ha’reketshen’, ha’m qatarda ekenligin tanıýg’a ılayık bolamız. Solay etip qaraqalpaq xalqının’da oyshıl ha’m aqıl parasatlı, do’retiýshiligi joqarı xalıq ekenligin du’nyag’a jayamız.

Klassik shayır A’jiniyaz Qosıbay ulının’ do’retpeleri adamdı ruýxıy terbiyalaýda, estetikalıq talg’amdı raýajlandırıýda o’z aldına u’lken a’hmiyetke iye. A’jiniyaz shayır “Bul du’nyanın’ ko’rki adam balası” dep insandı ullı shoqqılarg’a ko’tergen. Onın’ qosıqları ku’shli lirikalıq sıpatqa iye:

Tırnadek otırıp, sonadek yu’rgen,
Yuz mın’ jılýa menen qabag’ın kergen,
Shashlarına lag’lı marjan o’tkergen,
Mın’ tu’men naz bila’n baqar go’zzallar.

Kunshıg’ıs poeziyasının’ en’ jaqsı da’sturlerin daýamlap, A’jiniyaz zor estetikalıq yosh penen hayal-qızlardın’ go’zzallıg’ın jırlag’an.

Aqıl-na’siyat qosıqları da A’jiniyaz do’retiýshiliginde ken’ orın tutadı. Aqıl-na’siyat qosıqları da A’jiniyaz do’retiýshiliginde ken’ orın tutadı. Ol adamlardı insaplılıqqa, pa’klikke, kishipeyillilikke shaqıradı. Ma’selen:

*Qasqaldaqqa bir ag'arı may pitse,*
*g'arqıldasıp, qonar ko'lin tanımas,*
*Patshanın' da'ýleti qaytayın dese,*
*Ko'zine may pitip, elin tanımas-*

degen danalıq ma'na'ýiy so'zi xalıq u'mitine ko'z-ko'reki qıyanet islegen ha'm na'tiyjede o'z xalqının' qollap-quýatlaýınan mahrum bolıp da'ýleti qaytqan Pana xang'a aytqan qosıg'ınan ko'riýge boladı.

Shaxstın' haq keýillilik ha'm haqıyqatlıq da'rejesi onın' a'dep-ikramlılıq da'rejesinin' jetiskenligin ko'rsetedi. Adamlar o'z-ara insanıylıq qatnasta bolıýı ushın en' da'slep haqıyqatlıq ha'm a'dillik za'ru'r. Bulardı adam o'mirinin' baslı sha'rti dep esaplag'an A'jiniyaz bul qa'siyetke birinshilik ma'ni beredi. Ol a'depli ha'm ko'rgenli adam arasında na'sillik ayırmashılıq joq ekenin, tek ta'rbiya menen bilim alıýdın' basqasha bag'darlarda, ha'r qıylı da'rejede bolatugının aytadı. Usıg'an baylanıslı:

*Pa'ziylet bilmegen nadan*
*To'rt ayaqlı malg'a megzer - dep jazadı.*

A'jiniyaz insannın', a'sirese jaslardın' a'dep-ikramlılıg'ın ka'liplestiriýde ata-babalarımızdın' bay turmıslıq ta'jiriybelerine su'yeniýdi kuýatlag'an, ma'selen:

*Burıng'ı adamnan kalg'an ýa'siyat,*
*Gone adamlarda bardur qa'siyet,*
*Alarnın' aytkanı-ba'ri na'siyhat*

Watandı su'yiu, xalıq ma'pi ushın umtılıý-ha'r bir azamattın' ýazıypası ekenligin tu'sindiriý A'jiniyazdın' qosıqlarında ayrıqsha orın iyeleydi. Ol

*"Jer ha'm el bila'ndur,el ha'm jer bila'n,*
*Jersiz eldin' ku'ni da'rbeder bila'n"* -dep adam ana jerdin' qa'dirin jırlaydı. Ullı oyshıldın' jaslarg'a Watandı su'yiý sezimlerine iye bolıýın, onı qa'dirlep sırtqı dushpanlardan qorg'aý kerekligin, elden beziýge bolmaytug'ının na'siyatlag'andag'ı maqseti: "Elinen ayrılg'an diyýana bolatug'ının" tu'sindiriý. Jat jurt qa'dirin'di bilmeydi.

*“Jat ellerde mu’sa’pirlik shekkennen,*

*Urıp-sog’ıp xorlasa da el jaqsı”*-dep tuýg’an ma’kannın’ ha’r na’rseden de artıqmashlıg’ın sezdirdi.

Shayırdın’ shıg’armalarında miynet etiuge ayrıqsha dıqqat aýdarıladı. Ol jaslarg’a o’ner iyeleýdi na’siyatlap, bunın’ xalıq talabın qanaatlandırıýda a’hmiyeti u’lkenligin, turmısta basqalardan g’a’rezsiz jasaýdın’ tiykarg’ı sharası ekenligin, insandı bul jetiskenlik baxıtqa eristiretug’ının “Megzer” qosıg’ında jaqsı bayanlag’an. Onın’ ko’z-qarasınsha, ka’sip-o’nerin taptırmaytug’ın, kerekli, qa’dirli bolsa xızmetin’di el hu’rmetleydi, dosların’ menen tilekles adamların’ ko’beyedi:

*Pullı bolsa ka’sip-ka’rin’,*
*Ha’mme senin’ dosın’, yarın’,*
…………………………………..

*To’rt jag’ın qublag’a megzer*

Shayırdın’ bul ko’z-qarasları bizin’ bu’gingi ku’nimizge de u’nles keledi. Joqarı sıpattag’ı adamgershilik – adamlardın’, keleshek jaslardın’ bir sıpatlı belgisi. Shayırdın’ pikiri boyınsha adamlar ko’birek so’zi arqalı ayırıladı. Sebebi adamgershiliktin’ o’zi de da’slep til arqalı belgili boladı. Sonın’ ushın da ha’qanday adam oylanıp so’ylewi kerek.

*So’ylegende so’zdin’ parqın bilmegen,*
*Adam degen menen insan bolar ma?*

degen qatarlar arqalı adamg’a durıs ta’rbiya berilmese, ol insanıylıq qa’siyetlerge iye bolmasa adam dewge bolmaydı degen pikirdi bildiredi. A’jiniyaz da o’z zamanının’ ta’rbiyashı, pedagog, ag’artıwshıları sıpatında ta’lim-ta’rbiya ma’selelerine u’lken itibar bergen, «insan baxtın xalıq baxtı» dep esaplag’an ullı oyshıl shayır «u’lkendi hu’rmet etiw, jası u’lkendi sıylaw jaslar ta’rbiyasında birinshi orında turıwı kerek» – degen pikirleri o’z da’wirlerinde qanday a’hmiyetke iye bolsa, bu’gingi ku’nde de sonday a’hmiyetke iye.

*Adam u’lı adam qa’dirin bilmese,*
*Onnan du’zde otlap ju’rgen mal jaqsı.*

*Aytqan so'zdin' mag'anasın bilmese,*
*Ol adamnan tilsiz o'sken lal jaqsı.*

Adamzattın' bul du'nyada jasaw maqseti a'dalatlı tu'rde ku'n keshiriw, bul o'mirdegi jaqsı ha'm jamanlıqlardın' aqıbetin seziw. Biraq barlıq adam o'mirde bir tekli emes. Ko'pshilik ta'rbiyag'a mu'ta'j bolıp keledi. Sonın' ushın da A'jiniyaz adamlar arasındag'ı parıqtı ayqın sezdi.

Ha'zirgi waqıtta shan'araqta, mektep, ma'ha'lle, joqarı oqıw orınlarında adamgershilik ta'rbiyasının' za'ru'rligin, a'hmiyetin atap ko'rsetedi. Sebebi adamdı hu'rmet etiw, onın' miynetinin' qa'dirine jetiw, bir-birewge miyirban bolıw adamgershiliktin' nıshanı bolıw menen birge insaniy minnet ha'm joqarı pazıylet esaplanadı. Bul danıshpanlıq ideyalardı toqtawsız dawam ettiriw bu'gingi ku'nnin' de en' a'hmiyetli ma'selesi ekenligin teren' sezingen Prezidentimiz İ.A.Karimov Ma'mleketimiz, xalqımız ta'g'dirin jaratıwshı ta'lim-ta'rbiya beriwshilerge, «bizin' elimizdin' keleshegi jas a'wladtın' qanday bolıp o'sip jetilisetug'ın, qanday a'dep-ikramlılıq qa'diriyatların qabıl etip alatug'ınına, qanday ideyalarg'a xızmet etetug'ınına baylanıslı bolatug'ının bizler umıtpawımız kerek» – dep ata-ana, oqıtıwshı-ustazlarımızdın' ayrıqsha dıqqat-itibarın qaratadı.

Ullı danıshpanlardın' da o'z da'wirlerinde baslı ideyası, qanday etip jas a'wladtı baxıtlı etiw, ta'lim-ta'rbiya beriw ma'selesi bolg'anın, olardın' keleshegin jaratıw mashqalası menen jasag'anın milliy miyraslarınan, do'retpelerinen oqıp u'yrenemiz.

Ha'r bir ata-ana perzentin «kewlimnin' quwanıshı, ko'zimnin' nurı, belimnin' quwatı» dep sanaydı. Sonday-aq A'jiniyaz da basqa ellerde saparda ko'p bolg'anlıqtan qosıq qatarları menen balasına xoshlasıw so'zlerin jetkergen. Balası Nagmetullanı

... *«Ko'zimnin' ra'wshanı, janım a'y ug'lım»,*
... *«Ko'n'limnin' quwanıshı jigeriy-ba'ndim».*

... *«Belimnin' ma'darı, bashımnın' tajı»* – dep ten'eydi. Balasına jayaw, iynimde tayag'ım el gezip ketermen, izimnen jılama, bekkem bol dep ta'selle aytıp na'siyat etedi. Ha'r bir ata-ana da o'z perzentin usılay qa'sterlewi mu'mkin. Bala tuwılg'anda arnawlı ta'rbiyag'a za'ru'r bolıp tuwıladı. Perzenttin' aqıllı, o'nerli

yaki uqıpsız bolıwın ta'rbiya anıqlaydı. Adamlardın' alg'an ta'rbiyası ha'm biologiyalıq rawajlanıwları bir qıylı bolmag'anlıqtan olardın' aqıl-huwshı, minez-qulqı ten' emes. Bul pikirin bayanlaw maqsetinde shayır «ba'rshe birdey bolg'an emes» atlı arnawlı qosıq ta jazadı.

*Birewde bar pitken aqıl,*
*Juqpay keter su'rtken aqıl.*
*Oydag'ını bilip bolmas,*
*Burıng'ıdan qalg'an naqıl.*

Biz insandı ha'r ta'repleme kamal taptırıw ta'lim-ta'rbiyanın' ku'shi menen a'melge asatug'ının, sebebi ta'lim-ta'rbiya insandı ha'mme na'rseden joqarı ko'terip turatug'ın ha'm a'wladtan a'wladqa o'tip otıratug'ın ma'n'gilik miyras ekenligin ug'amız. Adamlar tuwılg'anda jaman yaki jaqsı bolıp du'nyag'a kelmeydi, ha'mme na'rse ta'rbiyag'a baylanıslı. Ha'r bir xalıqtın' keleshegi ma'mlekettin' ku'sh-qu'direti ko'p jag'ınan a'wladlar ta'rbiyası menen baylanıslılıg'ın ko'rsetedi.

Ullı islam du'nyası ulamaları esaplang'an İslam Buxariy, Axmad Yassawiy, Najmiddin Kubra sıyaqlı shıg'ıstın' ullı danıshpanları ka'mil insan ma'rtebesi dep ha'r kim, ruwxıy taza bolsan', jaman na'rseden jıraq bolsan' na'psin'e qul bolmasan', birewgezulımlıq qılmasan', gu'na islerge qol urmasan', tuwrı ju'rip - tuwrı tursan', sawap islerge bel baylasan' bul du'nyadan a'rmansız etsen' – degen ideyalardı alg'a qoyadı.

Ta'rbiya ma'selesinde ko'p so'z etip jaslardın' sanasına adamgershilik ideyasın sin'diriw ha'zirgi da'wir talabı. Sebebi «bizler bu'gin tınıshsız ha'm qa'weterli zamanda jasap atırmız. İnsaniyat u'lken arzıw a'rmanlar menen qa'dem qoyg'an jan'a XXI a'sirde de xalıq-aralıq terrorshılıq du'nyanın' ha'r qıylı jerlerinde o'zinin' jawız kelbetin ko'rsetpekte», - degen edi Prezidentimiz. Jaslarımız arasında usınday terrorshılıq ha'reketlerge qatnasıp ju'rgenlerinin' gu'wasımız. Biz bunday jaslarg'a o'ner u'yren, bilim alıwın' kerek dep na'siyat etemiz. O'zlerimizdin' aldımızg'a qoyg'an ullı iygilikli maqsetlerge erisiw, ma'mleketimizdin' qa'wipsizligin ta'miynlew wazıypasın orınlaw birinshi gezekte o'z ku'sh-qu'diretimizge, xalqımızdın' ja'mleskenligine, ku'shli erk-ıqrarına

baylanıslı boladı. Terrorizm, narkomaniya yaki basqa da jat illetlerge qarsı alıp barılatug'ın ku'sh ha'm en' ku'shli qural bul – birinshi ta'lim - ta'rbiya bolıp esaplanadı.

A'jiniyazdın' pikirinshe, ha'r qanday estetikalıq go'zzallıq adamlar arasındag'ı ta'lim ta'rbiyadan kelip shıg'adı dep tu'sindiredi.

*«Yigittin' shiyrin til hayalı bolsa,*
*U'yine qıdırıp miymanı kelse.*
*Alg'anı sallanıp, barını berse,*
*Miyman ku'tse, basqa isi bolmasa»* – degen qosıqları arqalı jaqsı hayal u'ydin' bezegi ha'm ko'rki. Sebebi miyman ku'tiw ha'rqanday adamnın' ziyneti. Adamnın' abırayının' o'siwi de miyman ku'tiwden baslanadı. Eger hayal miyman aldında sır aldırsa yaki namaqul qılıq islese, onın' pa'sligin bildiredi. A'jiniyaz jaqsı er menen jaqsı hayaldın' qoslas bolıwın qadirleydi.

*«İshin' tolıp a'rman – sherge,*
*Kewlin' megzer qara jerge.*
*Jaman qatın jaqsı erge,*
*Tawsılmas da'hmetke megzer»* – dep er menen hayaldın' minezi bir – birine sa'ykes kelmey qalsa u'lken qayg'ı yamasa apatshılıq boladı. Sebebi bular bir – biri menen kelisip xojalıqtı ju'rgize almaydı. Hayaldın' go'zzal ha'm a'depli bolıwı da ta'rbiyag'a baylanıslı. Shayır o'z da'wirinin' ha'mme jag'dayları menen tanıs bolıp, o'z do'retpelerinde su'wretlep baradı.

A'jiniyaz jasag'an da'wir waqıyaları menen ha'zirgi da'wirdegi waqıyalar da ta'rbiya u'lken rol oynaydı. Bunda jası u'lkenlerdin' ta'rbiyalıq so'zleri bahalı boladı. Jaslarg'a aqıl bilim beriw haqqındag'ı ko'z-qaraslarında insan aqılın jetilistiriw ushın bilim beriwshi ustazlardın' wazıypasına ayrıqsha a'hmiyet berdi. Ustazlar qansha ta'rbiya berse de onı uqpaytug'ın insanlarda boladı. Bunday adamlar a'depten aq aqıldı almaydı, keyninde minezi de o'zgerip ketedi. Bunday adamlarg'a A'jiniyaz mınanday qosıq qatarların keltiredi.

*«Haslı buzıq so'zge ermes,*

*Na'siyatqa kewil bermes»* – dep aqıbetinde ja'miyettin' bunday ag'zası jaman ta'rbiyalı bolıp shıg'atug'ının aytadı. Sonın' ushın da A'jiniyaz «Ko'rdim» qosıg'ında jaslardı unamsız minez-qulıqtı boldırmawdın' da'slepki sharaların

isleydi, adamlardın’ bir-birine ta’rbiyalıq ta’sir tiygiziwi za’ru’rligin de ortag’a qoyadı. A’sirese sol da’wirde insannın’ jaqsı, jaman, aqıllı, o’nerment bolıwın na’siline, ata-tegine baylanıstırıwshılıq ku’shli edi. Shayırdın’ ko’p izleniwi na’tiyjesinde ta’lim-ta’rbiya haqqında a’dewir progressiv ko’z-qaraslar qaliplesti. «Uyada neni ko’rsen’ - ushqanda sonı ko’rersen’» degen xalıq naqılı da biykarg’a aytılmag’an. Eger shan’araqta ata-analardın’ o’zleri a’dep-ikramsız, birin-biri hu’rmetlemese – bunın’ o’nip-o’sip kiyatırg’an perzentke unamsız ta’siri ku’shli ekenin tu’sindirgen. Sonday-aq a’dilsiz patshalar elge basshılıq etken zamanda zulım patshalardın’ qasında jaqsı minezdi payda etiw qıyın. Sebebi zulımlıq adamnın’ jaqsı minezin de o’zgertip jiberiw mu’mkin. Zulım patsha o’z perzentin xalıqqa qarsı qoyıp ta’rbiyalaydı. Baylardın’ balaları menen xalıqtın’ balalarının’ arasında qarama-qarsılıq payda boladı. Sol da’wirde ja’miyaette eki tu’rli ta’rbiyanın’ bar ekenligin bildiredi. Onın’ pikirinshe mekteplerdegi oqıw, o’ner, bilim u’yreniw bul balalardın’ sanasında ten’lik degen tu’sinik payda bolıwı mu’mkin deydi. Solay etip, jaslar arasında bir-birinin’ qa’dirine jetiwge, adamgershilikli bolıwg’a shaqırıp qosıqların do’retti. Qosıqları arqalı el basshıları bolg’an ka’tqudalardın’ adamgershilik sezimlerinin’ bolıwı da ta’rbiyag’a ta’sir etetug’ının ko’rsetedi. Jaman minez-qulıqlı, baylıqqa isenip, insanıylıq nızamlardı ayaqqa basıwshı zalım adamlardı qaytadan ta’rbiyalaw ja’rdeminde jaqsı pa’ziyletliler qatarına qosıwg’a boladı, na’tiyjede ja’miyette o’z-ara sıylasıq izzet, hu’rmet, insanıy ma’mile orın alıp, adamlar baxıtlı jasaydı dep oylaydı. Jaslar ta’rbiyasında elin dushpannan qorg’ap, o’z xalqının’ g’amın oylawdı, xalqına pana, qa’wender bolıwdı baslı ma’sele etip qoyadı.

Solay etip A’jiniyazdın’ insandı ruýxıy ta’rbiyalaýda jaslardın’ insaniy ma’mileni puxta iyelegen, adamgershilikli, jag’ımlı minezli, miynet su’ygish, a’dil,doslıqtı ha’m xalıqlar doslıg’ın qa’sterleytug’ın, elinin’ qorg’aýshısı, barlıq ýaqıtta bir so’zli, sabır parasatlı, ma’rt bolıýı kerekligin baslı ma’sele dep qarag’an.

## Juwmaqlaw

Ma'nawiyat ma'seleleri barlıq waqıtta ha'm ha'r bir xalıqta en' aktual ma'sele bolıp kelgen ha'm insaniyat o'mirinde mudamı usılay bolıp bara beredi. Ma'nawiy talaplar da'wir talabına say iykemlesip baradı. Bul barlıq tarawdın' da birlemshi ma'selesidur.

Ha'r bir xalıqtın' ko'rkem a'debiyatının' o'z da'wirine ılayıq payda bolıw ha'm rawajlanıw o'zgesheligi boladı. Bul qubılıs – sol a'debiyattın' ideyalıq ko'rkemlik jaqtan rawajlanıw tariyxın u'yrengende teoriyalıq ha'm praktikalıq jaqtan u'lken a'hmiyetke iye. XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatının' Shıg'ıstın' klassikalıq a'debiyatının' hasıl u'lgileri menen sapalıq jan'a mazmunlıq jaqtan bayıwında A'jiniyaz Qosıbay ulının' roli og'ada ayrıqsha ko'rinedi. Qaraqalpaq xalqında «Bozatawdı» bilmesen' sen qanday qaraqalpaqsan'? – degen ga'p bar.

A'jiniyaz haqqındag'ı en' da'slepki mag'lıýmat Tashkent qalasında shıg'arılıp turg'an «Tu'rkistan ýa'liyatı» gazetasının' 1878 jılg'ı 11 sentyabr sanında ja'riyalang'an «A'jiniyazdın' Qız Men'esh penen aytısı», - dep atalg'an aytıs qosıg'ı arqalı ma'lim. Bul aytıs gazetanın' eki sanında tolıq basılg'an. Sog'an qaramastan qosıq gazeta xızmetkerlerine unag'an bolıýı mu'mkin. Ja'ne bir aytayın degenimiz, bul qosıq qaraqalpaq a'debiyatı tariyxındag'ı tun'g'ısh ma'rtebe baspa ju'zin ko'rgen qaraqalpaq shayırının' idirallı shıg'armalarının' biri. A'jiniyaz tap usı jılı (1878 jılı, qıs gu'zekte noyabr-dekabr aralıg'ında) qaytıs bolg'an – dep aytılıýına qarag'anda ol ba'lki gazetadan o'z shıg'armasın oqıp ko'rgende bolıýı mu'mkin. Al onın' Xiyýa shayırları arasında bayazlarınn' tabılıýı da isenimli. Sebebi onın' tu'rkiy a'debiy tilin iyeleýge talaban shayır bolg'anlıg'ı da anıq. Sonın' ushında onın' Molla Hajinıyaz dep atalg'an at penen 1916 jılı Xiyuada ko'shirilgen «Yugirmiya» bayazında ushırasıýıda ta'biyiy. Bunnan basqada onın' qoljazbalarının' nusqaları a'deýir mug'darda bolg'an.

Biraq 20 jıllardan baslang'an Shıg'ıs qoljazbaların qurtıýg'a bag'ıshlang'an g'alaba atlanıs onın' qoljazbalarında pu'tkilley joq etip jiberdi. Sebebi bul jılları

xalıq negizinen saýatsız edi. Axun, mollalar saýatlı toparlardan sanalatug'ın edi. Usınday sebepler menen birinshi gezekte olardın' o'zleri quýdalandı. Arab imlası menen jazılg'an ha'r qanday kitap jandırıldı. Quran menen Ha'dis, Naýayı menen Fizuli, Maqtumqulı menen Berdaq, A'jiniyaz benen Kemne ha'mmeside otta jandı. Ma'deniyat mu'lkinin' bul altın g'a'ziynelerin arashalap alıp qalg'anday br de bir adam bolg'an joq. «Ma'deniy miyrasımızdı tek 1917 jıldan baslaymız» - dep jar salg'an proletkultursharlardın' qırsıq siyasatları tap sol jıllardan baslag'an edi.

Qaraqalpaq xalqının' perzenti, belgili insan Allayar Dosnazarov Orenburgta bizin' xalqımızg'a o'z avtonomiyasın beriwdi soranıp so'z so'ylegen. Sonın' menen birge «Bozataw»dı qolına duwtar alıp aytıp bergen. Zalda otırg'anlar tıp-tınısh otırıp, bul qosıqtı tın'lag'an. Sonda: «qaraqalpaqlar da o'z aldına xalıq, olardın' o'z ma'deniyatı bar, a'debiyatı, tili u'rp-a'det da'stu'ri bar, sonın' ushınolarg'a o'z avtonomiyasın beriw kerek», - degen. Mine, bul bizin' babamız, pu'tkil qaraqalpaq xalqının' babası, bunın' «Bozataw» qosıg'ı arqalı o'z avtonomiyamızdı alg'anımızdı umıtpawımız kerek. Qaraqalpaq a'debiyatının' klassigi Berdaq shayırdın' ullılıg'ı o'zinin' dan'qlı zamanlası bolg'an A'jiniyazdı hasla ko'len'kelemeydi. Eki u'lken talant iyesi bir zamanda, bir topıraqta jasap, ekewi bir xalıqtın' so'yler tili bolg'an shayırlar.

Shayır do'retpelerin tolıq izertlep boldıq dep ayta almaymız. Ele ashılmag'an sırları, izertlenbegen jaqları ilimde ko'p. Shayır poeziyasındag'ı sheberlik ma'selesi A'.Pirnazarovtan keyin izertlenbedi.

İlimpazlar ushın A'jiniyaz poeziyasın u'yreniw qıyın sog'atug'ınday. Ba'lkim bul qıyınshılıq A'jiniyaz poeziyasının' bir sırlı, ko'p qırlı go'zzal, na'zik, jan'ashıl, oyshıl poeziya bolg'anlıqtan bolsa kerek.

İlimpazlar A'jiniyaz shıg'armaların jıynap, baspadan shıga'rdı. Ele de A'jiniyaz do'retpelerinin' xalıq arasında ju'rgenligine gu'man joq. Biz bul jumısta onın' do'retpelerinin' ag'artıyashılıq ha'm a'dep-ikramlılıq

ma'selelerine toqtap o'tken bolsaq onın' ele aytılmag'an sırları ko'p. Son'g'ı waqıtları a'debiyatımızg'a, milliy ma'deniyatımızg'a kelip qosılg'an ilimpazlar onın' ha'r qıylı ma'selelerin so'z etse boladı. Shayırdın' ulıwmalılıg'ı na'tiyjesinde o'z waqıtında do'retpeleri u'yrenilmedi. Onın' ismi sha'rifleri ma'ngilestirilmedi. Son'g'ı waqıtta g'ana Respublikamızdag'ı ko'pshilik zıyalı qa'nigelerdin' ilim – bilim, ta'lim - ta'rbiya besigi ha'm mamanlıq ustaxanası No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutına qaraqalpaq xılqının' ullı oyshılı, ko'rnekli so'z zergeri, lirik shayır A'jiniyaz Qosıbay ulının' atın qoydı. A'jiniyazdın' o'lmes poeziyası da'wir o'tken sayın adamzat aldındag'ı qadir-qımbatın asıra bereri so'zsiz. Xalkımızdın' teberik shayırı bolg'an A'jiniyazdı ja'miyetshiligimizge tolıq ma'nili tulg'asında tanıtıwda bul erkinlikten durıs paydalanıwımız ha'm ullı shayırımızdın' ruwxın shad etiwimiz lazım.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar


1.İ.A.Karimov. O'zbekiston mustaqillikka a'rishish ostonasida. T., « O'zbekiston», 127-bet.

2. İ.Karimov «Xavfsizlik va barqaror taraqqiēt yolida» T. 1998. 6 t.

3. İslom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiëtini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi. T.: Wzbekiston, 2012 yil, 5-bet.

4. N.Da'wqaraev Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı 3-tom. No'kis 1979 j.

5. Xamidiy X. Shıg'ıs tillerdegi jazba derekler. No'kis. «Bilim» 1991.

6. Pirnazarov A. Masterstvo Ajiniyaza. Nukus 1993.

7. A'jiniyaz «Tan'lamalı shıg'armaları». No'kis – 1975.

8 A'jiniyaz «Tan'lamalı shıg'armaları». No'kis – 1994.

9 A'lewov O'. A'jiniyazdın' ag'artıwshılıq oyları. No'kis – 1992.

10 Da'wqaraev N. III tom. No'kis – 1979.

11. Qa'limbetov B. «A'jiniyazdın' lirikası». No'kis – 1991.

12. Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxı. No'kis – 1993.

13. Milliy g'a'rezsizlik ideyası: tiykarg'ı tu'sinik ha'm printsipler. No'kis, 2001.

14.A'jiniyaz No'kis Qaraqalpaqstan 1988

15.Sagitov Qaraqalpaq xalqının' ullı klassik shaırı 1995

16.K.Mambetov A'jiniyaz N., Bilim 1994

17. «Ustaz jolı» gazetası. 15-aprel 2004.